



## PREMYE KOZE POU LÈT PÒL YO

### **1. Ki moun Pòl ye:**

Pòl se youn nan misyonè ki pi enpòtan nan Nouvo Kontra a. Nou jwenn enfòmasyon sou li nan Liv Travay Apot yo ak nan lèt li yo, oswa lèt patizan 1 yo te ekri.

#### *Kèk dat sou lavi apot Pòl :*

Li te fèt apepre nan lane 10 apre JK, nan lavil Tas nan reydon Silisi, Tiki jodi a (Travay 9,11).

- Li se yon Jwif. Li sòti nan kòd fanmi Benjamen. Li te grandi anndan kè tradisyon Jwif la (Filipyen 3,5).

- Anplis, li te sitwayen women tou (Travay 16,37).

- Lè li te jèn ti gason, li t ale Jerizalèm, kote li te etidye seryèzman Lalwa ak tout règleman Jwif yo nan reliyion yo a. Li te etidye nan pye Gamalyèl, yon pwofesè Lalwa ki fè pati Farizyen yo, pati ki pi sevè nan zafè Lalwa a (Travay 22,3).

- Bò lane 35/37 : Li te cho nan reliyion Jwif la, epi li te kòmanse pèsekite kretyen yo (Travay 8,1-3 ; Filipyen 3,6), jis li te rankontre Granmèt la sou wout Damas la (Travay 9,19).

- Yo te batize 1 Damas (Travay 9,1). Apre sa li t ale Arabi (Galat 1,17), li ta posib nan Wayòm Aretas IV, nan Transjòdani (2 Korent 11,32).

Lè li te kite Arabi, li te tounen Damas kote li te pase 3 lane (Galat 1,18 ; Travay 9,23). Bò lane 40, li t ap preche nan sinagòg yo. Jwif yo t ap pèsekite 1. Li te sove ale Jerizalèm kote li te jwenn Pyè (Galat 1,18 ; Travay 9,26).

Yon jou, lè li te nan Tanp lan li te fè yon vizyon. Granmèt la tounen ba li menm misyon an (Travay 22,17). Men Jwif yo te fè konplo sou do 1, epi li te blije tounen lavil Tas la (Travay 9,29-30 ; Galat 1,21) Bò lane 44 Banabe te al chèche 1 epi li te mennen 1 bay kominote Antyòch la , kote li te pase yon lane (Travay 11,25-26)

Premye pati misyon Pòl la : Lespri Sen an, ki preznan kominote a, te voye 1 ale nan misyon ansanm ak Banabe (Travay 13,3). Nan premye pati misyon sa a (lane 46-49) Jan Mak kouzen Banabe a te ak yo (Kolosyen 3,10).

Yo pran batiman nan Selesi pou y ale Chip. Nan Pafòs (Lil Chip) yon gouvènè women yo rele Sèj Pòl vin tounen kretyen, e Sòl (Sayil) chanje non 1 li rele Pòl (Travay 13,7-12). Lè yo rive Pèj, Jan Mak pa t vle kontinye ak yo, epi, konsa, li tounen Jerizalèm (Travay 13,13). Banabe ak Pòl te mache nan tout reydon sid Galasi a (Travay 13,14-14,26). Devan Jwif yo ki te refize Levanjil Jezi Kri a, Pòl te kite yo epi li te ale bay pèp etranje yo Bon Nouvèl la (Travay 13,46-48).

Lè pèp etranje yo te resevwa Bon Nouvèl la, te vin genyen yon pwoblèm ki pete nan mitan apot yo : Eske pèp etranje yo ki vle swiv Jezi Kri, dwe kite Jwif yo fè sikonsizon pou yo ? Eske kretyen ki sòti nan mitan pèp etranje yo dwe swiv sa Lalwa Moyiz la mande Jwif yo ?

Te gen kèk moun ki sòti nan mitan Jwif yo, nan antouraj Jak, frè Jezi a, ki di wi (Travay 15,1). Te gen lòt, ansanm ak Pòl e Pyè, ki di non.

Se konsa Pòl, Banabe ak Tit te al Jerizalèm, pou yo fè yon bon chita pale ak apot yo (Galat 2,1-3 ; Travay 15,2). Nan reyinyon sa a se posizyon Pòl ak Pyè a ki te ranpòte



## PREMYE KOZE POU LÈT PÒL YO

viktwa e se konsa misyon nan mitan pèp etranje yo pran jarèt (Galat 2,6) : Yo mete yo dakò pou yo di moun etranje yo pa bezwen ni swiv Lalwa Moyiz la, ni fè yo fè sikonsiyon pou yo.

*Dezyèm pati misyon Pòl la :* Jan Mak al mache ak Banabe ankò, epi Pòl pran Silas kòm kanmarad li (Travay 15,36-41). Li te rann kominate li te fonde yo vizit. Nan List, Timote vin fè pati ekip misyonè sa a (Travay 16,1-3). Pòl fè yon vizyon ki envite li antre nan Lewòp (Travay 16,6-10). Bò lane 49-50, li te fonde premye kominate kretyen an nan Lewòp nan lavil Filip, nan kay Lidi, yon fi lavil Tiyati (T Ap 16,14). Akòz li te delivre yon ti fi restavèk, yo te denonse l devan otorite women yo epi yo te mete l nan prizon. Apati moman sa a, Pòl santi se yon etap tounèf ki kòmanse nan lavi l kòm misyonè (Flp 4,15). Lè yo mete l deyò nan prizon an, akòz li te sitwayen women, l ale Tesalonik. Men akòz Jwif yo te monte konplo sou do l, li te dwe kite lavil la pou l ale Bere e apre sa l ale Atèn (Travay 17,10,15).

Pòl te eseye pale ak lelit entelektyèl lavil Atèn nan, men li echwe (Travay 17,22-32). Apre sa, li desann lavil Korent, kote li te pase 18 mwa. Nan Korent li te jwenn Akila ak Prisil. Li travay ak yo, paske yo te gen menm metye : yo te konn fè tant an twal. Korent, li te ekri premye lèt pou moun Tesalonik yo. Yon lane edmi apre sa, fen lane 52, l ale ak Akila ak Prisil lavil Efèz. Yo rete la, men Pòl kite yo, epi l ale Antyòch (Travay 18,22).

*Twazyèm pati misyon Pòl la :* Nan prentan lane 54 Pòl kòmanse twazyèm pati misyon li a. Pandan lane 54-57 li rete lavil Efèz (Travay 18,23—21,17). Se la li ekri lèt pou moun Galasi yo, pandan li te nan prizon. Nan prentan lane 57, kèk move nouvèl sòti lavil Korent vin jwenn li. Li ekri kominate sa a plizyè lèt epi li rann yo yon vizit.

Pandan Tit te Korent, kèk òfèv te monte konplo kont Pòl nan Efèz (Travay 19,23-20,1). Pòl t ale Masedwàn. La a, li jwenn Tit ki ba li bon nouvèl rekonsilyasyon kretyen kominate Korent yo (2 Korent 2,12-13 ; 7,5-16). Apre sa, li ale Korent nan fen lane 57, e li rete nan kominate Korent lan pandan 3 mwa (Travay 20,2-3) La a li ekri lèt pou moun Wòm yo.

Li te fè yon kèt pou moun pòv ki nan Jerizalèm yo, jan kretyen Jwif ki te Jerizalèm yo te mande l la. Kominate Galasi, Masedwàn ak Lagrès (Akaya) te mete ansanm pou ede kretyen pòv Jerizalèm yo (Women 15,25-26 ; 1 Korent 16,1 ; 2 Korent 8-9). Pou l pat tonbe nan yon anbiskad Jwif yo te pare pou li, li te oblige mache apye pou l rive jouk lavil Filip (Pak lane 58). Li kontinye mache jouk Lazi Minè, epi li pran vwal pou l al Jerizalèm. Milè li jwenn tout reskonsab kominate Efèz yo (Travay 20,16 ; 21,1-17). Li ta renmen rive Jerizalèm pou fèt Lapannkot (Travay 20,16).

Lè l rive Jerizalèm li rann Jak, frè Jezi a, vizit, e li ale nan Tanp lan dapre konsèy li yo. Men yon gwo kont pete nan Tanp lan akòz Jwif yo, epi yo mete Pòl nan prizon. Yo mennen l Sezare Maritim, kote gouvenè women an te rete, epi li pase de lane nan prizon (lane 58-60. Travay 23,23-33). Kòm li bouke akòz pèsekisyon Jwif yo, devan gouvenè women an Festis, li mande pou Seza tandé kòz li a nan vil Wòm (Travay 25,11). Ansanm ak lòt prizonye yo, yo pran vwal, e apre anpil move sitiyasyon li rive Wòm nan prentan lane 61 (Travay 28,15). Li pase dezan nan prizon lakay li, kote li te kapab resevwa vizit moun epi kote li kontinye preche Bon Nouvèl la (Travay 28,17-28). Dapre yon istoryen yo te rele Ezèb, yo te fè l pase mati, yo te touye li bò lane 67 anba pèsekisyon lanpré Newon an.

### **2. Pèsonalite Pòl:**

Pòl se yon nèg byen prepare. Li te konnen reliyion paran li yo byen, epi li te gen bon jan fòmasyon sou filozofi ak reliyion Grèk yo nan tan li a. Li te ekri epi li te pale lang grèk la byen. Li te jwenn avantaj nan tout bagay kiltirèl, pou l kapab mennen kantite moun li kapab bay Jezi Kri (1 Korent 9,19-22).



## PREMYE KOZE POU LÈT PÒL YO

Tankou Jwif, li te gen yon mantalite diferan parapò ak mantalite Grèk yo. Men, li te fè jefò pou li konnen, epi pou li konprann mantalite Grèk yo.

Lè nou li tou sa li te ekri yo, n ap gen yon lide sou karaktè li te genyen. Li se yon moun fran. Li pale aklè sou sa li panse, menm si li devan otorite yo, ni nan Legliz yo, ni nan soyete yo. Pandan li t ap ekri kominote yo, li te konpare tèt li ak yon manman ki t ap karese pitit li yo, e li te kapab bay lavi l pou yo (1 Tesalonisyen 2,7-8). Pou kreyen li te mennen nan lafwa a, li santi tranche yon manman k ap akouche (Galat 4,19). Li renmen yo, e se poutèt sa li sakrifye l nèt pou yo (2 Korent 12,15). Men, an menm tan li se yon papa ki edike yo (1Tes 2,11) Li refè moun yo nan Levanjil la epi nan lavi tounèf Kris la (1Kor 4,15). Li te pè pou kominote li yo pa t pèdi lafwa, poutèt sa li te pran swen yo (2 Korent 11,2). Kèk fwa li dou anpil, kèk lòt fwa li sevè anpil. Lè li te santi sa nesesè, li te sevè ak yo epi li te menase kominote yo, pou yo kapab obeyi l (1 Korent 4,21).

Pòl te kapab renmen tout manm kominote yo san patipri. Li te toujou rele yo « moun mwen yo », epi « moun mwen renmen anpil yo ». Li te vle pou yo tout kenbe fèm ak Bondye. Se konsa y ap tounen pitit li, tankou Timote, pa egzanp (1 Korent 4,17).

### **3. Men kalite travay apot Pòl te fè :**

Pandan lavi 1, Jezi te preche sèlman prèske nan yon ti rejyon, Palestin. Li pa t ale anpil fwa nan lòt peyi ki pa t peyi Jwif yo. Li te fè travay li nan mitan peyizan yo. Poutèt sa, li pran kèk parabòl nan mitan yo. Men li te gen konsyans Wayòm Bondye a se pa yon bagay pou pèp Jwif la sèlman. Poutèt sa li te konn pale sou Wayòm nan ki sanble ak yon gress moutad ki plante, ki devlope, epi zwazo yo poze sou branch li yo (Lik 13,18-19). Parabòl sa fè nou konprann tout pèp etranje yo kapab vin jwenn piyay lavi nan Wayòm Bondye a. Se konsa li te mande pou patizan l yo ale nan tout peyi ki sou tè a, pou yo anonse Levanjil la (Mak 16,15). Pòl pral fè jefo pou l pase Levanjil la ki sòti nan mitan peyizan yo, bay moun lavil yo.

Jis Pòl mouri, li te gen konsyans l ap pote Pawòl Bondye a bay pèp etranje yo, paske se nan Jezi Kri, Bondye Papa a rele tout moun pou sove yo. Pwojè Papa a se pwojè lavi, e Pòl rele pwojè sa a « sekèr » Kris la .

Men, se pa yon bagay fasil pou mete pwojè sa a an pratik sitou lè nou dwe fè l antre nan reyalite, ak nan kilti moun ki an depaman nèt ak sa kote Jezi t ap viv la. Epitou Pòl pat konnen Jezi pèsonèlman. Sa li te fè se esperyans pèsonèl ak Jezi ki te leve byen vivan pami mò yo. Se poutèt sa, li te anonse Bòn Nouvèl la bay moun pèp etranje yo. Men li te blije adapte l ak mantalite moun ki t ap koute l yo, ansanm ak bezwen moun sa yo. Sèlman, li te toujou konsève sa ki nannan Levanjil la, epi li te voye sa ki pa enpòtan, jete. Se sa nou rele « Enkiltirasyon Levanjil la ».

Paske li pat viv ak Jezi tankou lòt Apot yo, kèk nan sa Jezi te chwazi yo, te bay Pòl anpil pwoblèm. Gen moun ki te konn di : « Li pa apot, paske li pat wè Granmèt la ». Pòl te defann tèt li pandan li t ap rakonte yo eksperyans li te fè ak Jezi (Galat 1,12 ; 2 Korent 12,1.4). Gen lòt yo ki te konn di : « Se sèlman moun ki te mache ak Jezi, nèg Nazarèt la, ki kapab fonde kominote yo. » Pòl reponn yo : « Menm si pou lòt moun mwen pa apot, pou nou menm, moun Korent yo, se apot mwen ye. Paske, jan nou vin kreyen epi jan nou resevwa Lespri Sen an, nou se prèv se apot mwen ye » (1Kor 9,2-3). Gen lòt yo menm ki te konn di : « Reyèlman vre li pa apot, paske si li te apot vre li ta dwe kite kominote a soutni li. Li travay ak de men li yo. Sa a se travay ki fèt pou esklav. Si Pòl travay nan travay manyèl li pa fè tankou yon moun ki lib. » Pòl reponn, pou li anonse Levanjil la se yon obligasyon li ye epi li travay ak de men li pou li rete lib pou li anonse Levanjil gratis (1 Korent 9,15.17). Li te konsidere se trè danje pou melanje Levanjil ak lajan. Pou sa li te pito jwenn pen pou l manje a sou swè fon li epi anonse Levanjil la gratis (Flp 4,15.17), malgre Jezi te di : « Moun ki travay li merite manje » (Matye 10,10). Anplis sa,



## PREMYE KOZE POU LÈT PÒL YO

li te gen pou lite kont fo apot yo (2 Korent 10,1 ; 12,1) ki te anonse yon Levanjil ki fasil, ki te voye jete imilyasyon ak soufrans Jezi yo.

Pòl pa t gen Levanjil ekri a nan men li. Tout sa li montre moun yo li sòti nan katchèz Kominote Antyòch la te fè pou li, nan travay apostolik li fè a epi nan anpil soufrans li te pase nan travay apot la (1 Korent 11,21.29). Joustan li te santi li te krisifye ak Jezi (Galat 2,19), pandan li pote sou kò li mak soufrans Kris la (Kolosyen 1,24). Se konsa li kapab di : « Kounye a se pa mwen menm k ap viv, men se Kris la k ap viv nan mwen » (Gal 2,20).

Pòl se te yon nèg ki te genyen anpil devouman pou Bòn Nouvèl Jezi Kri a ka rive toupatou ; li batay anpil kont lènmi Levanjil Jezi Kri yo ; li aji ak anpil konviksyon e anpil detèminasyon. Se lafwa li nan Jezi Kri ki pènmèt li depase tout traka, danje ak difikilte li jwenn nan travay apostolik (2 Korent 4,8-11 ; 2 Korent 5,4-10).

An menm tan lèt li ekri yo pèmèt nou konnen ki jan premye kominote kretyen yo t ap òganize ; ki kalite sèvis moun, fanm kou gason, rann yo anndan kominote yo. Nou kapab aprann kèk metòd pou nou bati yon kominote kretyen ; ki jan nou kapab akonpaye yo pou yo grandi nan lafwa yo.

### **4. Lèt Pòl te ekri yo**

Pòl te ekri premye tèks nou jwenn nan Nouvo Kontra a : premye lèt pou Tsalonisyen yo ; epitou se Pòl ki te ekri piplis ladan Nouvo Kontra. Ki motif ki te pouse li leve pou ekri ? San dout, lèt li yo se lèt pastoral yo ye, menm si li bay anpil eksplikasyon sou mèvèy Kris la ak sou Legliz la tou. Sa vle di pi gwo preyokipasyon Pòl genyen se sitiyasyon kominote yo t ap viv la. Lèt li yo te eseye klere pwoblèm ki tap ravaje kominote kretyen yo. Pòl antre nan sitiyasyon konkrè moun yo t ap viv pou li montre yo ki sa swiv Kris la vle di. Pou nou konprann kèk solisyon Pòl te ba yo, fòk nou gade pwoblèm ak reyalite kominote a tap viv ; fòk nou eseye konprann kilti moun yo ak sitiyasyon sosyal yo tou. (1 Korent 11,2.16). Pòl ekri nan lang grèk, men fason li panse plizyè fwa se tankou yon Pwofesè Jwif.

Sanble gen kèk lèt Pòl te ekri ki te pèdi. (An n gade 2 Korent 2,4 ; 7,8.)

Li pa kòrèk jounen jodi a pale sou lèt Pòl te ekri yo san nou pa pale sou dout moun savan genyen sou kèk lèt ki pote non Pòl, men yo kwè se pa Pòl menm menm ki te ekri yo. Menm si gen 13 lèt ki di se Pòl ki te ekri yo, kounye a nou konnen gen 7 lèt nou setèn se Pòl ki te ekri yo, swa paske li te ekri yo dirèk dirèk, swa paske li te dikte yo nan zorèy moun ki t ap ekri yo (Women 16,22). Sét lèt tout biblis dakò se Pòl ki ekri yo se : Women, 1 ak 2 Korent yo, Galasyen yo, Filipyen yo, 1 Tesalonisyen yo ak Filemon.

Anpil moun di lèt pou Efezyen yo, Kolosyen yo, 1 ak 2 Timote, Tit ak 2 Tesalonisyen yo, se pa Pòl ki ekri yo. Yo sòti anba plim patizan Pòl yo ki te kontinye fè travay li te kòmanse nan kominote yo. Abitid mete non lòt moun sou yon bagay yo ekri a, li nòmal nan tan lontan. Yo fè sa pa sèlman anndan Bib la men nan domèn filozofi tou. Yo fè sa pou kominote a ka resevwa lèt la pi byen epi pou li ka fè sa li mande a oubyen pou yo rann moun yo mete non sou li a omaj. Nan ka lèt ki di se Pòl ki te ekri yo men se patizan li yo ki fè 1, sa pa vle di se pa Lespri Sen an ki te enspire yo. Depi yo nan Bib la, yo tout sòti nan sa Lespri Sen an montre yo pou yo ekri bay kominote yo, dapre konpreyansyon moun ki ekri yo te genyen nan moman yo t ap viv.





# *Lèt pou moun Wòm yo*



## **PREMYE KOZE A**

### **Wòm nan premye syèk apre Jezi Kri**

Wòm te kapital gwo lanpi Women an. Tout kalite moun te sòti toupatou pou al lavil Wòm swa pou yo vann oswa pou y achte, swa pou yo fè moun konnen yon reliyon tounèf oubyen yon filozofi tounèf. Pou tout moun, Kapital la, se te sant tout peyi sou tè a. Li te gen plis pase yon milyon moun ladan 1. Moun rich yo te fè 1 bèl anpil pou yo satisfè anvi bèlete yo a, men te gen anpil katye popilè tou, kote moun pòv yo te rete.

### **Kominote Kretyen Wòm nan :**

Nou pa konnen ni ki moun ni ki lè yo te fonde kominote kretyen lavil Wòm nan. Bò lane 46 lanprè Klod te mete kèk jwif ki swiv « yon sèten Kristòs » deyò lavil Wòm. Bò lane 49 menm lanprè a te mete jwif yo deyò lavil Wòm yon lòt fwa ankò (Travay 18,2). Fwa sa a Akila ak Prisil te blije kite kominote a pou y al Korent, kote Pòl te jwenn yo epi yo travay ansanm (Travay 18,1-6). Men apre lanmò lanprè Klod (lane 54) Jwif yo te tounen lavil Wòm ankò. Menm Akila ak Prisil te Wòm yon lòt fwa ankò (Wm 16,3). Sa vle di nan moman Pòl te ekri yo, kominote moun Wòm yo te gen aepre 20 lane depi li te resevwa Bon Nouvèl la. Li te fèt ak kretyen jwif epi kretyen etranje, men nan moman sila a pi fò moun ki ladan 1 se kretyen ki te sòti nan mitan pèp etranje yo (Wm 11,13-14; 15,15-16).



## WOMEN

### **Ki lè Pòl te ekri lèt pou moun Wòm yo epi ki kote?**

Lè Pòl bay Tètiyis ekri lèt sa a (Wm 16,22) li te Korent kay Gayis kote li te fè ladesant epi kote Legliz la te konn reyini (Wm 16,23 ; 1 Korent 1,14-15). Pòl te pase twa mwa Korent bò lane 57-58 (Travay 20,3) nan finisman twazyèm vwayaj misyonè li te fè a. Li te fin ranmase lajan kète li te òganize Masedwàn ak Akaya pou ede kretyen pòv nan Jerizalèm. Kounye a li gen pou 1 ale Jerizalèm, pote 1 ba yo (Wm 15,25-26).

Kèk mwa anvan sa, antan li te Efèz, li te ekri lèt pou Legliz Galasi a, dezyèm lèt pou Legliz Korent lan, petèt lèt pou Legliz Filip la tou.

Pòl konprann travay li nan Lazi Minè fini (Wm 15,19-20). Se te yon etap nan lavi 1 ak anpil fatig nan travay misyonè li an, epitou li gen tan ekri anpil lèt pou diferan komi-note kretyen yo. Li kòmanse chèche lòt kote pou 1 fè Bon Nouvèl la rive. Li fè lide al Wòm epi, apre sa, li vle al Lespay (Wm 15,23-24).

Li gen kè sote devan de vwayaj sa yo : ni devan vwayaj Jerizalèm lan, ni devan vwayaj Wòm lan tou. Li konnen 1 ap gen pwoblèm ak kretyen jwif Jerizalèm yo, paske se setèn yo gen tan konnen lèt byen sevè li te ekri moun Galasi yo. Nou konnen santiman li genyen nan moman sa a paske li di Reskonsab Legliz Efèz yo : « *Vwala kounye a mwen pral Jerizalèm. Nan lespri mwen, mwen tankou yon prizonye, paske mwen pa konnen sa ki pral rive mwen la.* <sup>23</sup>*Sòf nan chak vil, Lespri Sen an avèti mwen gen prizon ak tribilasyon k ap tann mwen.* » (Travay 20,22-23). Poukisa kè Pòl sere konsa? Li sisipèk kretyen jwif Jerizalèm yo pral reyaji kont tou sa li te di nan lèt pou moun Galasi yo epi bagay sa yo kapab mete tèt ansanm Legliz la anba gwo danje (Wm 15,31).

Li gen kè sote devan vwayaj Wòm lan tou, paske li konnen bri kouri nouvèl gaye, kretyen jwif Jerizalèm yo ki te bay moun Galasi yo pwoblèm, kapab gen tan al Wòm oubyen ekri lèt pou yo pale mal sou li (Travay 28,21).

### **Ki rezon Pòl genyen pou l ekri lèt pou Legliz Wòm lan ?**

Lèt pou kretyen Wòm yo se li ki fè nou konnen lide Pòl yo pi byen. Se yon diskou ekri ki pran fòm yon lèt, men li chaje ak bèl mesaj Pòl vle fè pase. Pòl vle korije kèk fo lide kretyen jwif yo fè sou predikasyon 1 yo nan mitan pèp etranje yo. Pòl konnen danje ki menase Legliz la nan moman istorik sila a. Li riske fann an de : yon pati ak kretyen jwif yo, yon pati ak kretyen ki sòti nan mitan pèp etranje yo.

Sa Pòl te di konsa konsa, yon ti jan prese nan lèt pou moun Galasi yo, kounye a, nan lèt pou moun Wòm yo, li di yo nan lòd ak nan tèt frèt: BONDYE SOVE NOU GRATIS NAN JEZI KRI.

Li montre nou se sèlman Bondye ki kapab sove nou epi li p ap sove Jwif sèlman, men tout moun, anba peche. Kounye a pou yon moun kapab sove, se pou li kwè nan Jezi Kri, se nan li Bondye montre jan li renmen nou, epi pou moun tounen patizan 1. Pou nou rive swiv Jezi Kri, Lespri a anvayi nou, se konsa li wete peche nou yo epi li mete yon lavi tounèf nan nou, k ap detwi peche, pandan 1 ap fè nou fè youn ak Jezi Kri, ki modèl lòt kalite moun nou dwe ye a.

Pòl vle montre kretyen jwif Wòm yo, epi nou menm tou, okenn Lalwa pa kapab sove moun, kèlkeswa jan li ye a. Menm Lalwa jwif yo pa kapab detwi peche; men okontrè li montre peche a pi byen. Se sèl lafwa nou genyen nan Jezi Kri ki kapab mete favè Bondye nan kè nou ak anndan soyete a, pou nou kapab tounen, ak konkou Lespri a, yon moun tounèf.

### **Men chapant lèt pou moun Wòm yo :**

- a) Premye koze a. Bonjou ak lapriyè pou 1 di Bondye mèsi (1,1-15)
- b) Pati Doktrinal : Sòti chapit 1,16 rive chapit 11,36  
Levanjil la, pouvwa Bondye (1,16-17)






## WOMEN

Sitiyasyon pèp etrange yo ki pa t konnen Jezi Kri (1,18-32)  
Sitiyasyon pèp jwif yo (2,1-3,20)  
Bondye fè nou moun kòrèk nèt nan Jezi Kri (3,21-31)  
Pran egzanp sou Abraram (4,1-25)  
Lespwa nou genyen nan sove Bondye pral sove nou (5,1-21)  
Ak Jezi Kri nou te mouri kite peche a (6,1-23)  
Nou pa anba pouvwa Lalwa Moyiz la (7,1-13)  
Feblès moun ki anba peche a (7,14-25)  
Lespri Bondye a ba nou lavi (8,1-39)  
Pèp Izrayèl la pral sove tou (9,1-11,36)

- c) Konsèy pou lavi kretyen : Sòti chapit 12,1 rive chapit 15,13  
Lavi tounèf la (12,1-8)  
Sa nou dwe fè pou nou kretyen toutbon (12,9-13,14)  
Sa nou dwe fè pou nou viv byen ansanm (14,1-23)  
Se pou nou swiv egzanp Jezi Kri (15,1-3)
- d) Pou l fini lèt la : Sòti chapit 15,14 rive chapit 16,27  
Travay Apot Pòl (15,14-21)  
Li fè plan pou l al Lespay (15,22-33)  
Li di tout moun bonjou (16,1-24)  
Lapriyè pou l di Bondye mèsi (16,25-27)





## WOMEN 1

### Bon Nouvèl Pòl ap bay la

**1** <sup>1Kor 1,1; Gal 1,1</sup> Pòl, sèvitè Jezi Kri a, yo te rele pou l vin apot, yo te mete apa pou sèvis Bon Nouvèl Bondye a, <sup>2</sup> Bon Nouvèl sa li te pwomèt davans nan Liv sakre yo grasa pwofèt li yo. <sup>3</sup> Se sou Pitit li ki te fèt nan ras David kòm moun nan, <sup>4</sup> men Lespri Sen ki fè moun vin sen an, te make l kòm Pitit Bondye ak tout pouvwa l, nan leve li leve byen vivan sòti pami mò yo. Se Jezi Kri, <sup>5</sup> Granmèt nou an. <sup>6</sup> Gras a li nou jwenn favè fè travay apot, pou fè tout pèp etranje yo obeyi nan lafwa, poutèt Non li. <sup>7</sup> Nou menm, bò laba a, Jezi Kri rele a, nou ladan tou. <sup>8</sup> Pou nou tout ki Wòm, nou menm Bondye renmen an, nou menm li rele vin sen an, favè pou nou ak kè poze ki sòti nan Bondye Papa nou, ak nan Granmèt Jezi Kri.

**1,1**: Bonjou sa a gen twa bagay Pòl mete nan tout lèt li te ekri yo : ki moun ki ekri lèt sa a; pou ki moun li ekri lèt la; kisa li swete yo. Salitasyon sa a fèt an granjan. Pòl prezante tèt li ak grandè paske li ekri lèt sa a pou yon kominote li pa t fonde. Kretyen Wòm yo pa t ko konnen l. Poutèt sa, li prezante tèt li ak twa tit : Sèvitè Jezi Kri a; Moun yo rele vin apot; Moun yo te mete apa pou anonse Bon Nouvèl la. Se Jezi ki te chwazi douz apot yo, epi ki te rele yo vin travay ak li. Lespri Sen an te tanpe apot sa yo, jou Lapannkot la. Pòl te apot menm jan ak yo, paske se menm Jezi sa a ki te rele l sou wout Damas la. Se idantite tounèf sa a, Granmèt Jezi te ba li sou wout Damas la. Se sa k ap make pèsonalite Pòl jouk dènye jou lavi l. Misyon l se anonse Levanjil la pou délivre moun ki anba tout kalite esklavaj. Konsa li travay pou Peyi kote Bondye Wa a tabli sou tè a. Pòl parèt tankou moun ki t ap anonse yon mesaj viktwa, yon mesaj libète ki la pou tout moun sou tè a.

**1,2-3**: Levanjil la santre sou Jezi, Nèg Nazarèt la : lavi li, lanmò li ak leve byen vivan li.

**1,4-5**: Se lanmò ak leve byen vivan Jezi ki fè li tounen Granmèt tout moun ak tout sa Bondye kreye. Misyon Pòl la se gide pèp etranje yo pou yo jwenn piyay lavi nan Jezi Kri. Se sa ki volonte Bondye. Nan mitan pèp etranje yo, li jwenn kretyen Wòm yo. Apati leve li leve byen vivan an, Jezi pral preznan nou, nan istwa nou, tankou Pitit Bondye grasa Lespri Sen an li te simaye sou tout moun. Pòl pa jamm sispann nonmen non Bondye Papa a, Pitit la ak Lespri Sen an men se yon sèl Bondye.

**1,6-7**: Apot yo t ap anonse Levanjil la bay de gwoup moun diféran : Jwif yo ak pèp etranje yo :

### Pòl ak kretyen Wòm yo

<sup>8</sup> Anvan tout bagay, mwen vle di Bondye mwen an mèsi nan Jezi Kri, poutèt nou tout. Paske sou tout tè a, y ap pale sou lafwa nou genyen. <sup>9</sup> Bondye mwen sèvi ak tout kè mwen an, nan anonse Bon Nouvèl Pitit li a, se li ki sèvi m temwen, pou jan mwen sonje nou san rete. <sup>10</sup> Se toutan m ap mande nan lapriyè m yo, kilè, si Bondye vle, mwen ta reyisi vwayaje an byen al jwenn nou. <sup>11</sup> Reyèlman vre, mwen anvi wè nou, pou mwen separe kèk kado ki sòti nan Lespri a ak nou, dekwa pou nou vin pi fèm. <sup>12</sup> Se pou mwen jwenn ankourajman nan men nou, an menm tan tou, poutèt menm lafwa nou genyen an, nou menm ak mwen. <sup>13</sup> Epi, frè m yo, mwen pa vle pou nou rete san nou pa konnen mwen te fè lide al lakay nou

<sup>12,1;  
15,16</sup>

<sup>1Tes  
3,2</sup>


—Jwif yo, se yo menm Bondye te prepare pou resevwa Sovè a.

—Pèp etranje yo: se tout lòt moun ki fè pati Lanpi women an. Yo sòti nan tout nasyon yo : Litali, Lespay, Tiki, peyi Lafrik yo, ak lòt kote yo.

Pòl bay kretyen Wòm yo, moun ki sòti nan mitan pèp etranje yo, tit: «Moun Bondye renmen yo, moun ki sen yo.» Pou Jwif yo, moun ki sòti nan pèp etranje yo pa gen dwa vin pitit Bondye, si yo pa fè pati pèp jwif la, swa nan praktike sikonsizyon an, swa nan fè akò ak yo. Pou yo, «Moun Bondye renmen yo epi ki sen yo» se sèlman Jwif yo. Kounye a, Pòl bay etranje yo menm tit sa yo. Konsa mete moun sou kote fini nèt. Se pa yon sèl gwoup moun Bondye te chwazi; se pa yon sèl pèp Bondye mete apa. Bagay sa a fini nèt ak lanmò epi leve byen vivan Jezi Kri a. Li pa mete okenn moun sou kote. Li mete tout moun, nenpòt ki nasyon yo sòti, nenpòt ki kondisyon sosyal yo, anndan pèp Bondye a. Se yon pèp ki gen tout ras ladan, epi yon pèp Bondye sove gratis.

Kounye a, pèp etranje yo vin gen menm privilège ak Jwif yo. Lalwa Moyiz la pa fè moun vin pitit Bondye, se favè Bondye ban nou nan Jezi Kri ki fè moun tounen pitit Bondye. Moun ki nan tan lontan pa t pwòp dapre Lalwa Moyiz la, kounye a yo sen grasa Bondye ki gen bon kè pou tout moun ki sou tè a. Jwif yo te mete pèp etranje yo sou kote, paske yo pa jwif. Lanpi women an te mete moun sou kote nan sosyete a ak devan Lalwa akòz yo pòv, yo esklav, yo fi... Kounye a Pòl anonse yo Bon Nouvèl Jezi Kri a ki pa mete okenn moun sou kote!

Pou Lanpi women an, sèl moun ki gen dwa kòm moun, se gason ki lib. Men Pòl di kretyen



## WOMEN 1

anpil fwa, pou mwen ta jwenn kèk bon bagay nan mitan nou, menm jan ak nan mitan lòt pèp etranje yo. Men mwen jwenn kontryete jis kounye a.<sup>14</sup> Mwen gen dèt ni pou moun ki grèk, ni pou moun ki pa grèk, ni pou moun eklere, ni pou moun san lespri.<sup>15</sup> Se konsa mwen cho pou m pote Bon Nouvèl la bay nou menm tou ki Wòm nan.

### Pisans Bon Nouvèl la

<sup>1,1</sup> <sup>16</sup> Reyèlman vre, mwen pa wont Bon Nouvèl la, li se fòs Bondye pou sove tout moun ki kwè, Jwif an premye, epi sa ki pa Jwif yo tou.<sup>17</sup> Se nan Bon Nouvèl la lavi kòrèk Bondye a parèt aklè. Sa kòmanse nan lafwa pou fini nan lafwa, jan sa ekri a : ‘Moun ki kòrèk la va gen lavi poutèt lafwa a.’

yo : «Nou se moun ki gen tout dwa nou nan Peyi kote Bondye Wa a, menm si nou esklav, nou fi, nou timoun, nou pòv, se sitwayen nou ye ak tout dwa nou nan Peyi kote Bondye Wa a.» Poukisa? Paske Bondye fè nou gras. Li pa dakò ak Lalwa Moyiz la, osinon Lanpi women an ki mete moun sou kote. Ak Jezi tout bagay chanje nèt. Se gwo revolisyon sa a Jezi mete sou tè a lè l te aksepte bay lavi l pou l tabli Peyi kote Bondye Wa a.

**1,11-13 :** Pòl vle keyi kèk fwi nan men yo. Ki fwi li vle keyi nan men yo? Gen moun ki di se kòb pou li voye bay kominate Jerizalèm lan ki nan traka. Men gen moun ki di fwi Pòl vle keyi nan men yo, se temwayaj lafwa yo kòm moun ki pa t pase anba Lalwa Moyiz la.

**1,14-15 :** Se pou nou gade jan Pòl pa pran vokasyon li kòm yon privilèj, men kòm yon misyon.

**1,16 :** Pòl anonse sa ki nannan mesaj lèt sa a : **Levanjil se fòs Bondye pou sove tout moun ki kwè.**

Se pa Lalwa Moyiz la ki fè moun gen lavi Bondye ankò, kounye a se lafwa nan Jezi Kri. Sèl kondisyon pou moun jwenn lavi Bondye a, se renmèt tèt li bay Bondye ak lafwa nan Jezi Kri. Moun yo pa gen lòt mwayen pou yo sove pase lafwa nan Jezi Kri Bondye ba yo gratis la. Ni Lalwa Moyiz la, ni okenn reliyion, ni okenn filozofi moun te envante, ni okenn pouvwa matryèl oubyen espirityèl ki sou tè a pa kapab sove moun. Se sèl Pawòl Bondye te pale nan Jezi Kri ki kapab fè kominate kreyten yo viv!

**1,17 :** Nan lang franse yo di «Justifer», nou tradi mo grèk la ak pawòl sa yo : «Fè moun vin kòrèk». Mo sa a parèt yon pakèt fwa nan lèt sa a. Se favè Bondye ki fè moun viv jan li vle pou tout moun viv. Nan Premye Kontra a, moun

### Tout moun koupab

<sup>1Kor 9,19</sup> <sup>18</sup> Konsa kòlè Bondye a parèt aklè, depi nan syèl, kont tou sa ki derespekté Bondye ak tout aksyon ki pa kòrèk, men k ap mare laverite a nan sa ki pa kòrèk.<sup>19</sup> Paske sa moun kapab konnen sou Bondye li klè pou yo, se Bondye menm ki fè yo wè l.<sup>20</sup> Sa moun pa kapab wè nan li depi tè a te fèt, yo vin dekouvri l lè yo konprann zèv li yo, konsa yo wè pouvwa l genyen depi toutan an kòm Bondye. Poutèt sa yo pa gen pyès eskiz.<sup>21</sup> Malgre yo te konn Bondye, yo pa t ba li glwa, ni yo pa t di l mèsi, jan Bondye merite sa. Okontré yo pèdi tèt yo poutèt yon bann lide k ap jwe nan tèt yo, kè yo ki san konprann, vin nan fènwa.<sup>22</sup> Yo te pretann yo gen bon konprann, men se fou yo

<sup>Mi 7,9;  
Zep 3,1;  
1Test.10</sup>

<sup>Sòm 8,3;  
19,2</sup>

<sup>Saj  
13,4;  
1Kor  
1,21</sup>

kòrèk la se moun ki te konn obeyi Lalwa Moyiz la. Men pou Nouvo Kontra a «moun kòrèk la» se moun ki resevwa padon Bondye, epi k ap viv nan renmen, nan laverite, nan jistis, jan Bondye vle (Lik 18,14). Lè Pòl ekri Bondye fè nou vin kòrèk, li vle montre Bondye rele nou pou nou viv yon fason ki depase tou sa nou kapab fè ak pwòp fòs nou. Konsa, Bondye considere nou kòm moun ki kòrèk, paske li mete yon lavi tounèf nan nou. Se lavi tounèf sa a li ta renmen bay tout moun ki sou tè a.

Jwif yo te konprann moun kapab vin kòrèk ak pwòp efò pa yo. Men Pòl di lavi kòrèk ki sòti nan Bondye al pi lwen pase sa yon moun ta kapab fè ak pwòp fòs pa l. Nou p ap janm vin sa nou vle ye a, si Bondye pa fè nou vin pi pre l epi si l pa fè nou vin sen.

**1,18-20 :** Pòl analize sitiayson moun etranje yo. Bondye montre figi li bay tout moun nan sa li kreye yo, men moun yo ret avèg, yo soud devan Bondye, yo refize di Bondye mèsi, yo refize bay Bondye glwa. Yo kite peche anprizonnen laverite a, yo anpeche laverite a fè travay li. Lè yo mete pouvwa ak anvi richès nan plas Bondye, se sèvis zidòl yo fè. Sa vle di yo fè richès, plezi ak pouvwa tounen yon zidòl pou yo. Se sa ki fè peche blayi toupatou. Se konsa peche vin tounen yon byen pou yo. Manti pran plas laverite. Sa ki pa bon vin pi bèl bagay pou yo.

**1,21 :** N ap konpare vèsè sa a ak lòt vèsè ki nan liv Bon Konprann lan (chapit 13) ansanm ak diskou Pòl fè nan Travay 17,27-29. Yo tout montre nou kijan tout moun kapab konnen Bondye. Nenpòt moun ki pran tan pou gade kreyasyon an ak renmen, oswa ki reflechi sou egzistans tout bagay, kapab rekonèt kèk siy ki montre Bondye prezan. Men lè yon moun ap viv nan peche, li toufe laverite anba sa ki mal.

## WOMEN 1-2

Dt4,16;  
Jer  
2,11;  
Saj  
11,25  
vin fou. <sup>23</sup>Nan plas bète Bondye ki pa kapab disparèt la, yo mete pòtre yon moun ki fèt pou disparèt, oubyen pòtre zwazo, bêt kat pat, bêt k ap trennen atè.

Jij 2,14;  
Ef 4,19  
<sup>24</sup>Se poutèt sa Bondye lage yo nan anvi ki nan kè yo, jis yo rive nan vye dezòd, pou yo avili kè yo youn ak lòt.

Jer  
16,19  
<sup>25</sup>Se yo menm ki twoke laverite Bondye a pou manti, ki fè seremoni ak sèvis pou bagay Bondye kreye, pase yo fè yo pou Sila a ki kreye yo a. Konpliman pou li pou toutan. Amèn. <sup>26</sup>Se poutèt sa Bondye lage yo nan anvi vye bagay, ki pa fè yo onè, konsa ni medam yo chanje rapò seksyèl nòmal pou rapò ki pa nòmal. <sup>27</sup>Ni gason yo tou lage rapò seksyèl nòmal yo ak medam yo: yo vin cho nan anvi youn anvi lòt, gason pou gason, y ap fè bagay ki pou fè yo wont. Epi yo tout jwenn nan pwòp kè yo rekompans move konpòtman yo a merite. <sup>28</sup>Kòm sa pa nan lide yo, pou yo konn Bondye, Bondye menm lage yo san lide nan tèt yo, pou yo fè sa ki

Mk  
7,21;  
1Kor 6,9;  
Gal 5,19;  
1Tm 1,9;  
Ap 21,8  
pa bon an. <sup>29</sup>Yo plen tou sa ki pa kòrèk, mechanste, move tandans. Yo plen jalouzi, krim. Yo chèche kont, yo rize, yo gen move mès, yo tripòt. <sup>30</sup>Yo pale moun mal, yo lènmi ak Bondye, yo malelve, yo awogan, yo grandizè, yo plen ladrès pou fè mal, yo rebèl ak paran yo. <sup>31</sup>Yo san lespri, yo koken, san kè, san pitye, <sup>32</sup>malgre yo byen konnen lòd Bondye ki di ‘moun ki fè bagay sa yo, yo merite lanmò.’ Se pa

**2,1-9 :** Pòl ekri kòmsi li t ap pale ak kèk moun, kòmsi gen moun k ap mande l kesyon, epi l ap ba yo respons. Nan koze sa a, Pòl devlope lide l dapre sa li vle montre yo. Nan pati sa a, Pòl etidye sitiyasyon Jwif yo. Li pale pi di toujou pase lè li t ap pale sou sitiyasyon moun etranje yo. Li di Jwif yo pa gen okenn dwa pou yo jije etranje yo. Jwif yo te resevwa Lalwa Bondye a, yo konnen byen sa Bondye vle pou yo fè, men an reyalite yo te viv menm jan ak pèp etranje yo, paske yo pa fè sa Lalwa a di yo. Pale bon pawòl ak fè bél diskou sou Bondye, sa pa nan avantaj moun, paske lè Bondye pral jije moun pou sa yo te fè, li pa jije yo pou sa yo te di, epi Bondye pa nan patipri ant moun ak moun. Pou Bondye, tout moun se moun, ni Jwif ni etranje. Pòl ap pale ak

fè yo fè yo sèlman, men tou yo bat bravo pou moun ki fè yo.

**Jijman Bondye a kòrèk**

**2** <sup>1</sup>Se pou sa, monchè, nenpòt kilès <sup>Mt 7,2</sup>

ou ye k ap jije, ou pa gen pyès eskiz, paske nan bagay w ap jije lòt moun nan, se ladan ou kondane pwòp tèt ou. Ou menm k ap jije a, se sa ou konn fè tou. <sup>2</sup>Nou konnen se dapre laverite Bondye jije moun k ap fè bagay sa yo. <sup>3</sup>Reflechi sou sa, monchè, ou menm k ap jije moun ki fè bagay sa yo, epi k ap fè yo an menm tan tou, èske w pral chape anba jijman Bondye? <sup>4</sup>Oubyen èske w ap meprize Bondye, ki gen bon kè anpil, ki sipòte anpil, ki gen pasyans anpil, san w pa konnen bon kè Bondye a mete w nan chemen pou w chanje kè w? <sup>5</sup>Poutèt kè di w la, epi poutèt vle w pa vle chanje kè w la, se kòlè w ap ranmase sou tèt ou, pou jou kòlè a, lè Bondye va montre jijman kòrèk li a. <sup>6</sup>Li menm l ap bay chak moun dapre zèv li yo. <sup>7</sup>Se va lavi pou toutan pou moun ki kenbe fèm nan fè sa ki bon, k ap chèche glwa, onè ak bagay ki p ap gate. <sup>8</sup>Men kanta sila yo, ki akòz lanbisyon, pa swiv laverite epi ki kite yo pran tèt yo nan fè sa ki pa kòrèk, gwo kòlè Bondye a sou yo. <sup>9</sup>Tray ak kè sere pou tout moun k ap fè sa ki mal. Pou moun ki Jwif la anvan, epi pou moun ki pa Jwif la. <sup>10</sup>Men glwa, onè ak kè poze pou tout moun k ap fè sa ki bon, Jwif la anvan, epi

Saj  
11,23;  
2Pyè  
3,9;  
Lk 13,7

Ezk  
7,19;  
Ap 6,17

Ap  
11,18

Sòm  
62,13;  
Mt  
16,27

Dt  
10,17;  
T Ap  
10,34;  
Ef 6,9;  
Jk 2,1;  
Lk

12,48;  
T Ap  
10,35

Jwif sa yo ki rete ap tann jijman Bondye, paske yo rete kwè yo menm yo p ap jwenn kondansyon, poutèt yo se pèp Bondye. Pòl fè yo sonje plis yo gen konesans nan afè Lalwa Bondye a, se plis yo reskonsab pwòp fòt yo devan Bondye.

**2,10-16 :** Pòl sòt denonse erè etranje yo. Kounye a, li rekònet gen anpil moun k ap mennen yon vi ki kòrèk, malgre yo pa konnen Lalwa Bondye a. Nan moso sa a, li di de bagay:

–Bondye va jije Jwif yo dapre kondisyon ak prensip li tabli nan Lalwa, men se swiv Lalwa ki konte.

–Bondye gen pitit li yo tou, fi tankou gason, nan mitan pèp etranje yo: li va jije yo etan l ap gade wout chak moun pran dapre konsyans yo.



## WOMEN 2

moun ki pa Jwif la. <sup>11</sup> Reyèlman vre ak Bondye nanpwen moun pa. <sup>12</sup> Tout moun ki fè peche andeyò Lalwa, y ap peri andeyò Lalwa, men tout moun ki fè peche anba Lalwa, y ap jije yo dapre Lalwa. <sup>13</sup> Se pa moun ki tande Lalwa a ak zòrèy yo ki kòrèk devan Bondye, men se sila yo k ap fè sa Lalwa a mande a, l ap fè vin kòrèk. <sup>14</sup> Moun lòt nasyon yo ki pa gen Lalwa a, lè tou natirèl y ap fè sa Lalwa mande a, yo tounen yon Lalwa pou pwòp tèt pa yo, paske yo pa gen Lalwa. <sup>15</sup> Yo menm yo montre kijan zèv Lalwa mande a ekri nan kè yo. Konsyans yo sèvi yo temwen tou. Youn jije lòt nan kè l, pou l fè li repwòch oubyen pou l fè li konpliman, <sup>16</sup> pou jis jou Bondye ap jije sa moun fè ankachèt, pa pouvwa Jezi Kri, dapre Bon Nouvèl mwen an.

### Izrayèl dezobeyi

<sup>17</sup> Men si ou menm ki rele tèt ou Jwif, ki apiye sou Lalwa a, ki vante tèt ou poutèt Bondye, <sup>18</sup> ou menm ki konnen volonte Bondye, ki rekonèt sa ki pi bon, paske w aprann sa nan Lalwa a, <sup>19</sup> ou menm ki asire sèten, se ou k ap mennen avèg yo, limyè moun ki nan fènwa, <sup>20</sup> moun k ap montre sila yo ki pa konnen yo, pwofesè timoun, paske w jwenn bon jan pawòl nan Lalwa a, pou esplike yo laverite a ak konesans

**2,17-24:** Pòl kontinye koze ak Jwif yo. Jwif yo di se yon ras espesyal yo ye, paske Bondye te chwazi yo. Yo di Bondye renmén yo plis pase lòt pèp yo. Pòl vle demaske fo sekirite ak lògèy Jwif yo genyen. Li vle pou Jwif yo rekonèt yo pa gen okenn privilèj devan Bondye, yo pa gen okenn merit nan delivrans Bondye ofri pou tout moun. Si yo sove, se Bondye ki sove yo gratis, menm jan ak pèp etranje yo. Devan ijiman Bondye a, nou tout fè peche, nou tout bezwen padon. Nan plas Lalwa Jwif yo, pèp etranje yo gen konsyans yo. Lalwa Bondye klere konsyans tout moun.

**2,25-27:** Sikonsizyon se yon operasyon yo fè nan koupe yo koupe yon ti bout po nan pati gason an. Se siy Jwif yo fè nan kè yo pou montre yo fè pati pèp Bondye a. Jwif yo te toujou gen lògèy pou siy sa a yo gen nan kè yo a, epi yo te konn meprize pèp etranje yo pou sa. Jwif yo te rele pèp etranje yo: «Moun yo pa fè sikonsi-

moun genyen, <sup>21</sup> kouman fè ou menm k ap montre lòt moun anpil bagay, ou pa montre pwòp tèt pa w? W ap preche pinga vòlè, epi w ap vòlè? <sup>22</sup> W ap di pinga fè adiltè, epi w ap fè adiltè? Ou gen degoutans pou zidòl yo, epi w ap piye tanp yo? <sup>23</sup> Ou vante tèt ou poutèt Lalwa a, epi w ap derespekte Bondye nan pase akote Lalwa a? <sup>24</sup> Reyèlman vre, se poutèt nou y ap desrespekte non Bondye an pam i na-syon yo, jan sa ekri. <sup>25</sup> Konsa tou, sikonsizyon an itil, si w fè sa Lalwa a mande a, men si w ap pase akote Lalwa a, sikonsizyon w lan tounen kòmsi yo pa t fè sikonsizyon pou ou. <sup>26</sup> Men si yon moun ki pa fè yo fè sikonsizyon pou li, swiv lòd yo ki nan Lalwa a, èske li pa pase pou yon moun yo fè sikonsizyon pou li? <sup>27</sup> Moun yo pa fè sikonsizyon nan kè li a, men ki fè sa Lalwa mande a, se li k ap jije w, ou menm k ap pase akote Lalwa a, malgre w gen Liv la, malgre yo fè sikonsizyon pou ou. <sup>28</sup> Toutbon vre, se pa sa ki parèt ki fè moun Jwif, ni se pa sa ki parèt nan kè a ki sikonsizyon toutbon an, <sup>29</sup> men se sa ki kache anndan w ki fè moun Jwif, epi sikonsizyon toutbon an se nan kè sa ye. Sa sòti nan Lespri, se pa nan lèt Lalwa a. Lwanj moun sa a, se pa nan moun li sòti, men nan men Bondye.

Sòm  
50,16

Iz 52,5;  
Jk 2,7

Jer  
9,24;  
1Kor  
7,19

Ef 2,11;  
Flp 3,3;  
Kol 2,11

zyon pou yo.» Pòl montre sikonsizyon nan li menm pa gen okenn valè. Paske yon moun nan pèp etranje ki fè sa Lalwa mande pou moun fè, menmsi li pa konnen Lalwa, se yon moun ki pi bon nan je Bondye pase yon Jwif ki konn Lalwa, men ki pa fè sa Lalwa mande li fè. Se konsa pèp etranje yo pral jije Jwif yo. Lalwa ak sikonsizyon gen valè lè yo siy lavi kòrèk toutbon vre. Sa ki enpòtan devan Bondye se mennen yon lavi kòrèk toutbon vre.

**2,28-29:** Lalwa se yon lòd ki ekri, li pa sòti nan kè moun. Jwif yo fè efò pou yo respekte l, men se yon bagay sosyete a ap fose yo fè. Rezon ki fè lòd sa yo la, se pou fè moun rive chanje kè yo. Se nan lespri sa a yo te ekri Lalwa. Nan lèt Pòl ekri yo, nou jwenn de gwoup pawòl ki pa cadre youn ak lòt: yon bò gen lachè, Ansyen Kontra, lòd, Lalwa,... epi yon lòt bò gen Lespri, Nouvo Kontra, konsyans, pwomès.



## WOMEN 3

**Tout moun sou tè a dezobeyi**

**3** <sup>Dt 4,6; Jn 4,22; Bar 4,4</sup> <sup>9,6; Sòm 89,31; Ap 11,11; 1Jn 1,9; Sòm 116,11; 51,6</sup> Kisa Jwif la gen anplis? Oubyen sa sikonsizyon an itil? <sup>2</sup> Li itil anpil bagay nan tout sans. Pou kòmanse se nan men yo Bondye renmèt pawòl sakre li yo. <sup>3</sup> Sa sa fè si genyen ki pa kenbe pawòl sakre yo? Èske pa serye yo a fè Bondye pase pou pa serye tou? <sup>4</sup> Jamè! Li klè Bondye se laverite. Men tout moun nan manti, jan sa ekri a: ‘se pou yo rekonèt ou kòrèk nan pawòl ou yo, epi lè y ap jije w se pou w gen kòz la.’ <sup>5</sup> Si nan fè sa ki pa kòrèk nou an, nou sèvi pou montre jan Bondye kòrèk, kisa pou nou di? Èske Bondye ta malonèt si l ta pase kòlè l sou nou? Se pawòl moun m ap pale wi. <sup>6</sup> Men jamè! Si sa ta konsa, kijan Bondye ap fè pou li jije tè a? <sup>7</sup> Men si poutèt manti mwen an, laverite Bondye a parèt aklè pou glwa l, poukisa yo jije m toujou tankou yon moun ki nan peche? <sup>8</sup> Oubyen jan yo pale nou mal, ak jan kèk moun ap mache di nou di, èske nou gen pou nou fè mal, pou byen kapab rive? Moun sa yo byen merite kondanasyon yo. <sup>9</sup> Ebyen kisa, non? Èske nou siperiyè? Pa ditou. Nou te deja bay rezon an, se paske ni Jwif, ni Grèk, yo tout anba peche. <sup>10</sup> Jan sa ekri a:

*Pa gen moun kòrèk, pa menm yon sèl.*

Jwif yo te gen twa prensip fondamantal ki te tankou yon miray ki separe yo ak lòt pèp yo: **privilèj ras la, Lalwa Bondye a, ak sikonsizyon an.** Pòl kòmanse detwi miray sa a.

**3,1 :** Se kesyon sa a Jwif yo te mande Pòl, lè li t ap pale sou moun pèp etranje yo ki jwenn chans pou yo sove, alòske yo pa menm konnen Lalwa Bondye. Jwif yo te panse yo merite delivrans Bondye a. Yo te toujou rete kwè Bondye gen obligasyon ba yo lavi ki p ap janm fini an, paske yo swiv Lalwa.

**3,2-8 :** Moun yo te mande tèt yo anpil kesyon: Èske lagras Bondye a, favè Bondye a, depase libète moun? Si nou fè peche epi malgre peche nou yo Bondye fè byen pou nou, èske li pa ta bon pou nou fè plis peche ankò?

N ap jwenn respons kesyon sa yo nan lafwa nou ak nan renmèt tèt nou bay Bondye ki Papa nou tout epi ki renmen nou anpil. (Al gade Jòb 40,7-14; Bon Konprann 12,13-15; Egzod 9,16).

<sup>11</sup> *Pa gen moun bon konprann, nanpwen k ap chèche Bondye.*

Sòm 53,2

<sup>12</sup> *Tout pran chemen kwochi, yo pèvèti ansanm, pa gen moun k ap fè byen, pa menm yon grenn.*

<sup>13</sup> *Gòj yo se kavo tou louvri, ak lang yo, y ap chèche twonpe. Anba po bouch yo se pwazon sépan.*

Sòm 5,10

<sup>14</sup> *Bouch yo plen madichon ak pawòl anmè.*

<sup>15</sup> *Pye yo rapid pou y al fè san koule.*

Sòm 5,10;

<sup>16</sup> *Sou wout yo se dega ak mizè.*

Iz 59,7;

<sup>17</sup> *Yo pa t konnen wout kè poze a.*

Sòm 10,7-8;

<sup>18</sup> *Nanpwen krentif pou Bondye devan je yo.*

36,2

<sup>19</sup> Nou konn tou sa Lalwa a di se pou moun ki sou kont Lalwa a, li pale dekwa pou tout moun fèmen bouch yo, epi pou tout tè a tonbe anba jijman Bondye. <sup>20</sup> Paske zèv Lalwa yo pa kapab fè pyès moun vin kòrèk devan Bondye. Sa Lalwa bay se konesans peche a.

4,15;  
Sòm 143,2;  
Gal 2,16

**Lafwa fè yo vin kòrèk**

<sup>21</sup> Men kounye a, san Lalwa a, lavi kòrèk Bondye a parèt aklè nèt. Lalwa a ak pwofèt yo sèvi lavi kòrèk li a temwen. <sup>22</sup> Lavi kòrèk Bondye a rive pou tout moun ki kwè grasa lafwa nan Jezi Kri. Pa gen okenn diferans. <sup>23</sup> Paske tout moun fè peche, glwa Bondye a pa

2Kor 4,6

**3,9-19 :** Lè Pòl egzaminen reyalite sosyal, politik, ekonomik, moral ak reliye tè a, li sanble ak yon doktè k ap konsilte yon moun malad. Li jwenn tout moun anba yon sistèm peche ki fè yo pèdi konsyans yo nèt. Maladi sosyal la te pran tout moun tankou yon kansè k ap gaye nan tout kò nou. Nan pati sa a li mete yon vèsè Bib la ki pale sou: «Moun k ap tann pyèj pou lòt yo; moun bouch yo plen madichon ak pawòl anmè; moun ki mete san frè li yo deyò; moun ki fè lòt yo pase mizè.» Se nan mitan imoralite, lenjistik ak koripson sa a, Levanjil Jezi Kri a dwe parèt ak tout fòs li pou l denonse tou sa ki touye lavi moun epi pou li anonse Bondye gen kè sansib pou tout moun kit Jwif, kit etranje.

**3,20-25 :** Pòl di yo: *Pèsonn moun pa gen fòs pou sove tèt li.* Delivrans lan se yon favè Bondye ban nou gratis nan Jezi Kri. Sa pa sòti nan jefò moun. Lalwa Moyiz la te reyalize misyon l: li te montre tout moun sa peche fè, tout moun be-



## WOMEN 3-4

nan yo.<sup>24</sup> Bondye fè yo vin kòrèk gratis, poutèt favè l, li fè yo jwenn nan delivrans Jezi Kri peye pou yo a.<sup>25</sup> Se li menm Bondye mete pou moun jwenn padon nan pwòp san pa l, grasa lafwa. Konsa li bay prèv jan li kòrèk nan fèmen li fèmen je l sou peche lontan yo,<sup>26</sup> ak tout pasyans Bondye kapab genyen, epitou, pou li bay prèv jan li kòrèk ankò nan tan nou ye jodi a. Konsa pou li kapab kòrèk li menm, ak pou li fè sila a ki gen lafwa nan Jezi, vin kòrèk.<sup>27</sup> Konsa kote pou w vante tèt ou? Sa pa ladann ankò. Poutèt ki kalite Lalwa? Poutèt Lalwa zèv yo? Non! Men poutèt Lalwa lafwa a!<sup>28</sup> Nou rekonèt reyèlman vre, se lafwa ki fè yon moun vin kòrèk, san zèv Lalwa yo.<sup>29</sup> Oubyen èske Bondye se Bondye Jwif yo sèlman? Èske li pa Bondye pèp etranje yo tou? Wi, li se Bondye pèp etranje yo tou.<sup>30</sup> Si se vre, se yon sèl Bondye ki genyen, ebyen se li menm ki va fè moun yo fè sikonsizyon pou yo a, vin kòrèk pou lafwa yo, ak moun yo pa fè sikonsizyon pou yo a tou, poutèt lafwa a.<sup>31</sup> Èske konsa nou desann valè Lalwa a poutèt lafwa a? Non jamè! Okontrè, nou kanpe Lalwa a pi rèd.

zwen favè Bondye. Se lafwa nan Jezi Kri ki mete nou nan chemen, pou nou kapab jwenn Bondye.

Pòl devlope de lide: tout moun se esklav peche. Epitou pratike Lalwa pa ase pou yon moun rive sove. Kounye a, li prezante Bon Nouvel la, sa vle di Bondye ki te vini sou tè a nan Jezi Kri pou sove nou.

Bondye te kreye nou pou nou kapab vin zammi l, pou nou kapab gen pwòp lavi pa l. Epi kòm anyen pa kapab rive jwenn li, li kenbe men nou limenm, epi li fè nou favè pou nou vin kòrèk. Men sa se pa yon privilèj, se yon favè li ye. Fòk nou travay pou tout moun kapab jwenn piyay lavi a nan Jezi Kri.

**3,26-28:** Fòs tounèf moun genyen pou reyisi nan lit kont peche a, se Pwojè Bondye a. Premye Kontra a te deja anonse l, epi li te vin reyalize nan Jezi Kri. Paske Bondye toujou kenbe pawòl li, epi li gen kè sansib pou moun: li vle delivre moun ki anba nénpòt ki kalite peche, epi li fè sa gratis, paske li vle fè l, men pa paske moun merite sa.

Se Jezi Kri menm ki montre nou figi Bondye

**Abraram, papa moun ki kwè yo**

**4** <sup>Iz 51,1; Mt 3,7</sup> Konsa nou pral di nou gen Abraram pou gran gran paran kòm moun?

<sup>2</sup> Si se zèv li yo ki te fè Abraram vin kòrèk, li ta gen rezon pou li vante tèt li, men pa devan Bondye.<sup>3</sup> Kisa Bib la di? Abraram te kwè nan Bondye, poutèt sa yo wè l kòm yon moun kòrèk.<sup>4</sup> Yo pa wè salè yon moun ki travay kòm yon favè, men kòm yon dèt.<sup>5</sup> Men yon moun ki pa travay, epi ki mete lafwa li nan Sila a ki fè yon moun ki pa zanmi Bondye vin kòrèk, yo wè se lafwa l ki fè l vin kòrèk.<sup>6</sup> Se menm jan sa a, David di se chans pou moun Bondye fè vin kòrèk san li pa gade sou zèv li yo.

<sup>7</sup> *Ala chans pou moun yo padonnen fòt li yo, epi yo kouvari peche l yo.* <sup>Sòm 32,1-2</sup>

<sup>8</sup> *Se chans pou moun sa a Granmèt la pa gade sou peche l yo.*

<sup>9</sup> Kalite deklarasyon sa a, èske se pou moun yo fè sikonsizyon pou yo a li ye, oubyen pou moun yo pa fè sikonsizyon pou yo a tou? Reyèlman vre, nou di: Se lafwa li ki fè yo wè Abraram kòm yon moun kòrèk.<sup>10</sup> Kijan yo fè wè l konsa? Èske se lè yo fin fè sikonsizyon pou li, oubyen lè yo pa t ko fè sikonsi-

<sup>Jen 15,6; 12,1; Gal 3,6; Jk 2,20</sup>

<sup>11,6; Mt 20,1; Lk 17,7; Ef 2,10; Gal 2,16</sup>

<sup>Jen 17,9</sup>

toutbon vre a. Pòl di nou: «Kounye a, nan Jezi Kri, tout moun gen chans pou yo jwenn favè Bondye».

**3,27-31:** Se sèl lafwa ki fè moun vin kòrèk devan Bondye. Jezi se Sovè tout moun ki sou tè a, kit Jwif, kit etranje. Èske nou kapab kontinye ret kwè se zèv Lalwa yo k ap sove nou? Pòl di: «Non, se pa zèv Lalwa yo, se Lafwa.» Fè moun yo vin kòrèk nèt, se travay Bondye. Levanjil Jezi Kri a ban nou fòs ak kouraj pou nou kapab gen yon mòd lavi ki kòrèk nan lafwa.

**4,1-12:** Nan chita pale sa a Pòl ap fè ak Jwif yo, te gen yon kesyon yo pa t ko jwenn repons pou li: «Si Jezi se Sovè tout moun ki sou tè a, ki enpòtans Lalwa Moyiz la ak sikonsizyon an genyen? Poukisa yo te fè jefò pou yo respekte tout bagay sa yo, si sa pa sèvi anyen?» Pòl di yo: «Jezi Kri te fè limyè sou tout bagay sa yo.» Jwif yo te swiv tout bagay sa yo, Lalwa Moyiz ak sikonsizyon an, pou yo sonje moman pèp la te fèt. Nan moman sa a, pèp la te gen lafwa Abraram nan Bondye kòm modèl. Men lafwa Abraram nan pa t chita ni sou Lalwa ni sou afè sikonsizyon an. Lafwa Abraram nan te chita sou lafwa

## WOMEN 4–5

zyon pou li a? Se pa lè yo te fin fè sikonsizyon pou li a, men sèten se lè yo pa t ko fè sikonsizyon pou li a. <sup>11</sup> Li resevwa mak sikonsizyon an kòm yon so pou lafwa li te genyen, lè yo pa t ko fè sikonsizyon pou li a, epi ki te fè l vin kòrèk la. Konsa, li tounen papa tout moun ki kwè san yo pa fè sikonsizyon pou yo a, pou Bondye kapab fè yo vin kòrèk tou. <sup>12</sup> Epi li se papa moun yo fè sikonsizyon pou yo tou, ki pa rete chita sou sikonsizyon an sèlman, men ki mache nan tras lafwa papa nou, Abram, te genyen, lè yo pa t fè sikonsizyon pou li.

<sup>Jen 12,2; 22,15; Eb 11,8; Gal 3,15</sup> <sup>13</sup> Pwomès yo te fè Abraram ak ras li pou l eritye tè a, li pa sou kont Lalwa a men sou kont lavi kòrèk lafwa a. <sup>14</sup> Si se moun Lalwa yo ki eritye, lafwa a pedi valè l, epi pwomès la vin pa vo anyen ankò. <sup>15</sup> Lalwa a se kòlè li mennen, kote ki pa gen Lalwa, pa gen de-zobeyi. <sup>16</sup> Poutèt sa tout bagay sou kont lafwa, dekwa pou se grasa yon favè pwomès la vin gen valè pou tout pitit pitit li yo. Se pa sèlman sila yo ki anba Lalwa, men tou sila yo ki sou kont lafwa Abraram nan, ki papa nou tout, <sup>Jen 17,5; Ezk 37,1; Eb 11,19</sup> <sup>17</sup> jan sa ekri a : « *Mwen mete w kòm papa anpil pèp.* » Li se papa nou devan Bondye li te kwè nan li a, li menm ki bay mò yo lavi, epi ki rele sa ki pa t ko fèt vin egziste. <sup>18</sup> Malgre pa t gen okenn lespwa, li te espere, epi li te kwè li ta

li te genyen nan Bondye ki toujou kenbe pwomès li.

Pòl fè Jwif yo sonje, Abraram ki papa pèp Iz-rayèl la, te resevwa lafwa gratis. Bondye te fè Abraram favè anvan yo te fè sikonsizyon pou li, epi sikonsizyon an te tounen yon siy deyò, yon siy moun kapab wè, ki sou kò li, pou li montre lafwa li te resevwa gratis la. Lè Bondye te fè Abraram kado lafwa a, Abraram pa t ko fè anyen pou Bondye. Poutèt sa Abraram se papa tout moun ki kwè nan Bondye, kit Jwif, kit pèp etranje.

Kounye a tout moun ki kwè Bondye sove nou gratis nan Jezi Kri, se yo ki pitit pitit Abraram, epi se yo menm ki tounen eritye pwomès Bondye te fè Abraram nan.

Kounye a, Bondye fè tout moun ki kwè Jezi Kri te leve byen vivan pami mò yo, tounen

vin papa anpil pèp, jan yo te di li a : ‘Se konsa pitit pitit ou yo ap ye.’ <sup>19</sup> Li pa febli nan lafwa lè li wè kò l déjà tou mouri, li te gen yon san lane konsa, epi mè vant Sara te fin mouri. <sup>20</sup> Manke lafwa pa t fè li gen dout sou pwomès Bondye a, okontrè li pran fòs nan lafwa a, konsa li bay Bondye glwa. <sup>21</sup> Li te gen konviksyon lè Bondye fè yon pwomès, li kapab reyalize l. <sup>22</sup> Se poutèt sa yo wè l kòm moun kòrèk. <sup>23</sup> Se pa pou li sèlman yo ekri : « *yo wè l kòm moun kòrèk* », <sup>24</sup> men pou nou menm tou. Yo gen pou yo wè nou kòm moun kòrèk, nou menm ki kwè nan Sila a ki te leve Jezi Granmèt nou an sòti pamì mò yo.

<sup>Iz 53,6; Mt 26,28; 1Pye 1,3; Kol 2,11</sup> <sup>25</sup> Se li yo te bay poutèt fòt nou yo, epi ki leve byen vivan pou nou kapab vin kòrèk.

### Nou jwenn lavi kòrèk, nou rekonsilye, nou sove

**5** <sup>1</sup>Konsa ak lafwa a ki fè nou vin kòrèk, nou gen kè poze devan Bondye, grasa Jezi Kri Granmèt nou. <sup>2</sup>Se poutèt li, nou kapab, nan lafwa a, rive nan favè sa nou kanpe ladann lan, epi nou vante tèt nou nan lespwa jwenn glwa Bondye a. <sup>3</sup>Men se pa sa sèlman. Nou vante tèt nou tou poutèt tray n ap pase yo. Nou konnen tray bay rezistans. <sup>4</sup>Rezistans bay kouraj, kouraj bay lespwa. <sup>5</sup>Lespwa a menm pa fè wont, paske renmen Bondye a vide nan kè nou, grasa Lespri Sen li

moun kòrèk nèt poutèt lafwa yo nan Jezi Kri, Sovè nou an.

**5,1-5 :** Se Bondye ki fè nou tounen moun kòrèk nèt, se li menm ki mete nou anpè ak li epi ak frè ak sè nou yo. Lapè Bondye ban nou nan Jezi Kri a se lavi pa li a menm, se yon lapè kè poze. Depi kounye a nou kapab viv tankou zanmi Bondye toutbon vre, tankou moun ki déjà konnen Bondye te sove nou paske li te ban nou Lespri Sen an, ki fè nou kapab renmen Bondye, ki fè youn kapab renmen lòt. Bondye renmen nou epi li sove nou lè nou te nan peche, kounye a se li menm ki rekonsilye nou ak li nan Jezi Kri epi se sa ki ban nou bél kalite lespwa nou genyen kòm kretyen. Pa gen yon bagay ki pi bél, pi enpòtan pou fè lapè blayi toupatou pase lafwa nan Jezi Kri.



## WOMEN 5-6

<sup>Tit 3,5;  
1Jn 4,13</sup> ban nou an. <sup>6</sup>Konsa ak tout nou te fèb toujou, apa Kris la mouri pou moun ki pa zanmi Bondye, lè tan Bondye te fikse a rive. <sup>7</sup>Se vre, se apèn si yon moun ta gen kouraj mouri pou yon moun kòrèk. Petèt wi, pou yon moun debyen yon moun ta gen kouraj mouri. <sup>8</sup>Men kijan Bondye montre renmen li gen pou nou an: Kris la mouri pou nou atout nou te nan peche toujou! <sup>9</sup>Si <sup>Jn  
3,16;  
15,13;  
1Jn  
3,16;</sup> kounye a Bondye fè nou vin kòrèk poutèt san li, piplis toujou l ap sove nou anba kòlè a grasa li. Reyèlman vre, si antan nou pa t zanmi Bondye, nou vin rekonsilye ak li poutèt lanmò Ptit li a, gen anpil rezon an plis, lè nou fin rekonsilye pou li sove nou ak lavi l. <sup>10</sup>Se pa sa sèlman. Men n ap vante tèt nou nan Bondye, poutèt Granmèt nou Jezi Kri. Se grasa li nou resevwa rekonsilyasyon an kounye a.

**Adan ak Jezi Kri**

<sup>Jen 3;  
Saj  
2,24;  
1Kor  
15,21;  
Jk 1,15</sup> <sup>12</sup>Se pou sa, menm jan peche a antre sou tè a poutèt yon sèl moun, epi lanmò a poutèt peche a, se konsa tou lanmò a pase nan tout moun, paske tout fè peche. <sup>13</sup>Jistan Lalwa a rive, peche a te sou tè a, men yo pa bay peche a enpòtans, lè pa gen Lalwa. <sup>14</sup>Epoutan lanmò a te wa depi Adan rive sou Moyiz, ata sou moun ki pa t fè peche menm jan Adan te dezobeyi a, li menm ki pòtre Sila a ki te gen pou l vini an.

**5,6-17:** Kote moun yo te fè anpil anpil peche, Bondye te fè yo favè ki plis pase peche yo.

Adan te fè peche epi peche nou yo bay peche Adan an jarèt. Se pa sèlman Adan ki koupab. Se nou tout ki koupab, paske nou tout fè peche, epi konsekans peche a se lanmò. Pa sèlman lanmò kò a, men tout kalite lanmò ki rann lavi moun mizerab. Men kote Adan te tonbe nan fè peche, se la menm Bondye te mete Jezi Kri tankou yon Adan tounèf ki pa fè peche ditou. Kote moun yo wè lanmò sèlman, Bondye mete lavi, piyay lavi pou nou tout, nan Jezi Kri, Moun Tounèf la. Favè Bondye a pi gwo, pi laj, pi bél pase tout sa moun kapab fè kí pa bon, ki lèd, ki fè lanmò blayi toupatou. Lespwa kreyen an maché kòtakòt ak kè poze a. Lespwa a se pwo-mès ak garanti demen Bondye pare pou nou an nan Jezi Kri. Sa Bondye sere pou moun li renmen

<sup>15</sup>Sèlman pou favè a, se pa menm jan ak pou fòt la. Si anpil moun mouri poutèt fòt yon sèl moun, konbyen fwa piplis favè Bondye a ap debòde sou anpil moun, ak kado favè yon sèl moun mouri: Jezi Kri. <sup>16</sup>Kado a pa sou menm pye ak sa ki te rive poutèt yon sèl moun ki te fè peche a. Jijman apre yon sèl peche a te mennen nan yon kondanasyon, men favè apre pakèt fòt yo, fè nou vin kòrék. <sup>17</sup>Konsa, fòt yon sèl moun kapab fè lanmò a kòmande poutèt yon sèl la, pa mande konbyen fwa piplis moun ki jwenn piyay favè ak kado ki fè l vin kòrék la, ap kòmande nan lavi a, poutèt yon sèl Jezi Kri. <sup>18</sup>Menm jan fòt yon sèl moun te mennen kondanasyon tout moun, se konsa tou grasa yon sèl moun ki kòrèk, tout moun vin kòrèk, tout moun jwenn lavi. <sup>19</sup>Reyèlman vre, menm jan anpil moun tounen pechè, poutèt yon sèl ki te dezobeyi, konsa tou anpil pral vin kòrèk, poutèt yon sèl ki obeyi. <sup>20</sup>Se vre, Lalwa a te parèt pou fòt la te kapab vin anpil. Men kote peche a vin anpil, favè a debòde san mezi. <sup>21</sup>Menm jan peche a te kòmande ak lanmò a, konsa tou favè a ap kòmande ak sa ki fè nou vin kòrèk, pou lavi ki p ap janm fini a, grasa Jezi Kri Granmèt nou an.

**Mouri epi viv ak Jezi**

**6** <sup>1</sup>Kisa n ap di? Èske n ap kontinye rete nan peche, pou favè a kapab

yo, anyen pa kapab pote / ale. Li pare yon bèl avni pou nou, kote nou pral pataje viktwa Jezi Kri a. Avni sa a kòmanse jounen jodi a, menmsi nou nan mitan traka, soufrans ak difikilite.

Konsa, ak Jezi Kri, Ganmèt nou an, ki te ran-pòte viktwa sou lanmò, nou konnen fòs lavi a pi fò pase fòs lanmò yo, limyè a pi fò pase fènwa. Sa ki enposib pou moun, li posib pou Bondye ki renmen nou ak yon renmen ki pa gen limit. Epi, se pa paske nou byen konpòte nou ki fè Bondye renmen nou konsa. Se yon renmen gratis, paske li te renmen nou depi lè nou te nan peche a. Poutèt sa Ogisten ki sen te di: «Peche a te tou-nen yon chans pou moun, paske li pote yon kali-te sovè konsa pou nou!»

**6,1-11:** Te gen moun malpalan ki di Pòl bay moun pèmisyon pou fè anpil peche, paske li di:

## WOMEN 6

vin piplis? <sup>2</sup>Jamè! Nou ki te mouri poutèt peche a, kouman pou nou viv ladan toujou? <sup>3</sup>Oubyen, èske nou pa konnen nou tout ki batize nan Jezi Kri, se nan lanmò li nou batize? <sup>4</sup>Nou te antere ak li nan lanmò grasa batèm nan, dekwa pou menm jan Kris la leve sòti pamì mò yo grasa pouvwa Papa a, nou menm tou nou kapab viv yon lavi tounèf. <sup>5</sup>Reyèlman vre, si nou fè youn ak li nan yon lanmò tankou lanmò pa l la, n ap fè youn ak li tou nan yon leve byen vivan tankou pa l la. <sup>6</sup>Nou konn sa : Moun lontan an ki nan nou an kloure sou kwa a ak li, pou kò peche a detwi, pou nou pa esklav peche ankò. <sup>7</sup>Reyèlman vre, yon moun ki mouri, li fin delivre anba peche a. <sup>8</sup>Si nou mouri ak Kris la, nou kwè n ap viv ansamm ak li tou. <sup>9</sup>Nou konnen, leve Kris la leve sòti pamì mò yo, li p ap mouri ankò, lanmò p ap kòmande sou li ankò. <sup>10</sup>Se <sup>8,3;</sup> <sup>2Kor 5,2</sup> konsa, mouri li mouri a se pou peche a li mouri yon fwa pou tout. Viv l ap viv la se pou Bondye l ap viv. <sup>11</sup>Konsa tou, gade tèt nou tankou moun ki mouri pou peche a, men k ap viv pou Bondye nan Jezi Kri.

<sup>1Pyè 3,18; Eb 9,26</sup> <sup>1Pyè 2,24</sup>

<sup>12</sup>Pa kite peche a kòmande kò nou ki fèt pou li mouri a, nan swiv anvi l yo.

«Kote ki gen anpil peche, Bondye te bay plis favè ankò. Konsa moun yo di: ‘N ap fè plis peche pou Bondye ba nou plis favè ankò’. Pòl di yo : Sa pa posib, paske apre batèm nou, nou pa gen dwa fè peche ankò. Paske nan batèm nan nou te mouri ak Jezi Kri epi nou te leve byen vivan avè l tou.» Paske nou te mouri ak peche a poutèt Jezi Kri.

Kretyen an, yo te batize l nan Jezi Kri, li pataje lanmò ak leve byen vivan Jezi a. Sa vle di kretyen an se yon moun ki pase anba yon chanjman total kapital.

Batèm nan se yon sakreman ki inisyé kretyen an nan lavi Bondye a. Se premye pa nan batay pou fè peche wete kò li nan lavi nou.

**6,12-14 :** Lavi kretyen an mande pou moun toujou ap chèche jwenn Bondye. Kretyen yo dwe viv tankou moun ki te leve byen vivan. Se yon favè Bondye ban nou nan Jezi Kri. Kretyen an dwe pase sòti nan lanmò toutan pou ale nan lavi. Se travèse sa a ki Pak li. Se Pak sa a li dwe viv chak jou.

**6,15-23 :** «Se pou nou tounen esklav Bondye,»

<sup>13</sup>Pa ofri manm nou yo kòm zouti sa ki pa kòrèk, nan sèvi peche a, men ofri tèt nou bay Bondye, tankou moun vivan ki sòti pamì mò yo, epi manm nou yo kòm zouti sa ki kòrèk nan sèvis Bondye. <sup>14</sup>Reyèlman vre, peche a p ap pran pye sou nou, paske nou pa anba Lalwa, men anba favè a.

### Sèvi sa ki kòrèk

<sup>15</sup>Kisa non ? Èske nou mèt fè peche paske nou pa anba Lalwa men anba favè a ? Jamè ! <sup>16</sup>Èske nou pa konnen, lè nou ofri tèt nou bay yon moun, pou nou obeyi l tankou esklav, nou esklav sila n ap obeyi a ? Oswa peche pou lanmò, oswa obeyi Bondye pou lavi kòrèk. <sup>17</sup>Mèsi Bondye, paske nou te esklav peche, bagay yo te montre nou yo, nou te lage tèt nou ladan yo, pou nou obeyi yo ak tout kè nou. <sup>18</sup>Nou delivre anba peche a, nou tounen esklav sa ki fè nou vin kòrèk la. <sup>19</sup>M ap pale pawòl moun, poutèt feblès moun nou ye a. Menm jan nou te ofri manm nou yo kòm esklav bay sa ki pa pwòp, ak sa ki san kontwòl, pou nou te tonbe nan dezòd, konsa tou, kounye a se pou nou mete manm nou yo kòm esklav sa ki kòrèk la, pou nou vin sen. <sup>20</sup>Lè nou te esklav peche a nou te lib devan sa

Jn 8,34

Gal 5,13;  
Jn 8,36

12,1

se yon lide ki frape moun yo anpil, paske li byen posib te gen moun ki esklav nan mitan yo. Yo konnen esklavaj pa bon ditou ditou. Yon esklav se yon moun ki pa kapab fè sa li vle. Li gen pou l fè sa mèt li mande l. Poukisa Pòl sèvi ak yon lide ki di konsa pou li pale sou lavi nan Bondye a? Se paske li te vle fè moun yo sezi. Li te vle moun yo konprann yo pa kapab sèvi de mèt ankò : pwojè lavi a ak pwojè lanmò a. Batèm nan mete nou nan travay pou nou fè pwojè lavi a gaye sou tè a. Se pou nou fè sa, epi sèlman sa. Kretyen an dwe chwazi : oubyen li esklav peche, oubyen li esklav Jezi Kri. Rekonpans Bondye ban nou an se lavi li, li ban nou gratis la. Li pa peye nou tankou yon mèt peye moun ki travay anba zòd li, li fè nou kado tankou yon moun ki lib fè ak yon lòt moun ki lib tou.

Devan kèk filozofi Grèk ki di kò moun pa bon, Pòl di kò moun se yon zouti nan sèvis pwojè lavi pou tout moun. Pòl envite kretyen Wòm yo pou yo rete ap veye, paske lit sa a se yon lit ki di anpil. Si nou tounen fè peche, n ap tounen nan pwojè lanmò, paske salè peche a se lanmò.



## WOMEN 6–7

ki kòrèk la. <sup>21</sup>Ki avantaj nou te jwenn lè sa a, nan bagay nou wont yo kouanye a? Bagay sa yo ap mennen nan lanmò. <sup>22</sup>Men kounye a menm, antan nou delivre anba peche a, pou nou esklav Bondye, nou donnen sa ki sen, epi sa ap mennen nan lavi ki p ap janm fini an. <sup>23</sup>Reyèlman vre, pri travay peche a se lanmò. Men kado favè Bondye a se lavi ki p ap janm fini an, nan Jezi Kri, Granmèt nou an.

**Patizan Jezi Kri a delivre anba Lalwa a**

**7** <sup>1</sup>Oubyen frè m yo, m ap pale ak moun ki konn Lalwa—èske nou pa konnen Lalwa ap kòmande yon moun toutan l ap viv? <sup>2</sup>Se konsa yon madan marye mare ak mari l dapre Lalwa, toutan mari l ap viv. Men si mari a mouri, li vin lib anba lwa ki mare l ak mesye a. <sup>3</sup>Se lè mari l ap viv, l ap pase pou yon madanm adiltè, si li tounen madanm yon lòt. Men si mari a mouri, li delivre anba Lalwa a. Kifè, li pa yon madanm adiltè si li pran yon lòt mari. <sup>4</sup>Menm jan tou, frè m yo, nou menm tou, nou te mouri pou Lalwa a, grasa kò Kris la, pou nou vin sou kont yon lòt moun, Sila a yo leve byen vivan sòti pami mó yo, pou konsa, nou bay fwi pou Bondye. <sup>5</sup>Se vre, lè nou te anba pouvwa kò a, move tandans peche yo t ap travay nan manm nou yo, grasa Lalwa a, pou nou te kapab donnen fwi lanmò. <sup>6</sup>Kounye a menm, mouri nou

<sup>1Kor  
7,39</sup>

<sup>2Kor  
5,15;  
Ef2,15;  
Kol2,14</sup>

<sup>Ef 2,3;  
4,22</sup>

<sup>2Kor  
3,6</sup>

7,1-6 : Pòl kontinye pale sou Lalwa, paske Lalwa Moyiz la se te gwo antrav pou Jwif yo aksepte Kris la. Kretyen jwif yo pa t kapab konprann lavi kretyen an ki pa t mande yo fè tout sa Lalwa Moyiz la mande yo fè. Egzanp, yo pa vle chita bò kote kretyen ki sòti nan pèp etranje yo, paske yo di moun etranje yo ki pa kite yo fè sikonsizyon pou yo, yo tout nan peche. Kretyen jwif yo te toujou kontinye kwè gen manje ki pwòp ak manje ki pa pwòp. Sa te bay kominate kretyen ki fèt ni ak moun Jwif ni ak moun pèp etranje yo, anpil pwoblèm.

Pòl di se menm bagay pou yon madanm ki vèv. Depi mari li mouri li rete lib pou li remarye ak yon lòt mesye. Fòk nou sonje maryaj la se senbòl Kontra Bondye te pase ak pèp la. Sa vle di kretyen yo antre nan Nouvo Kontra a ak

mouri ak sa ki te kenbe nou an, nou sòti anba Lalwa a. Konsa, n ap tounen esklav lespri tounèf la, san nou pa rete esklav bagay ansyen ki ekri a.

**Wòl Lalwa a**

<sup>7</sup>Kisa n ap di? Lalwa a se peche? <sup>20,17</sup>

Jamè! Sèlman mwen pa ta konnen peche a, si se pa t Lalwa a. Mwen pa t ap konnen move anvi a, si Lalwa pa t di: Pinga w gen anvi. <sup>8</sup>Peche a tou pwo-fite okazyon an, pa pouvwa lòd yo pase a, pou l eksite tout kalite anvi anndan m. Reyèlman vre, san Lalwa a peche a déjà mouri. <sup>9</sup>Lontan mwen t ap viv san Lalwa a, men lè lòd yo pase a rive, peche a rekòmanse viv, <sup>10</sup>epi mwen menm, mwen mouri. Lòd ki te pou lavi a, mwen jwenn li anndan m pou lanmò, <sup>11</sup>paske peche a pwo-fite okazyon lòd la, pou li twonpe m, epi pou li touye mwen ak li. <sup>12</sup>Konsa Lalwa a sen, epi lòd la sen, li kòrèk, li bon.

<sup>5,13;  
Jk 1,14;  
1Kor  
15,56</sup>

<sup>Lev  
18,5;  
Dt 4,1;  
Ezk  
20,1</sup>

<sup>Jen  
3,13;  
2Kor  
11,3</sup>

<sup>Dt 4,8</sup>

<sup>13</sup>Lè sa a, èske sa ki bon an te tou-nen lanmò pou mwen? Jamè! Men peche a, pou li montre se peche li ye, sèvi ak sa ki bon, pou li bay lanmò pou mwen, dekwa pou peche a tounen peche, ak tout fòs li, poutèt lòd la. <sup>14</sup>Reyèlman vre, nou konn Lalwa se afè lespri, kanta mwen menm, se anba pouvwa kò a mwen ye, yo fin vann mwen bay peche a. <sup>15</sup>Sa m ap fè a, mwen pa konprann li. Sa mwen vle fè a, se pa li m ap fè. Sa mwen rayi a, se

<sup>Sòm  
51,1;  
Jn 3,6;  
Gal5,17</sup>

Bondye poutèt Jezi Kri. Ansyen Kontra Bondye te fè ak Lalwa Moyiz la fini nèt, kounye a Nouvo Kontra a chita sou renmen ak favè Bondye ban nou gratis nan Jezi Kri ak Lespri Sen an. Se nan maryaj tounèf sa a bon fwi sòti, pou nou kapab bati yon lòt kalite sosyete tounèf, kote tout moun vin jwenn sa ki pou yo.

«Pouvwa kò a» vle di tout vye lide moun nan gen nan li. Tout fòs fènwa ki aji nan kè moun. Se moun ki anba pouvwa peche.

**7,14-25** : Pòl envite nou gade pwòp lavi nou ak sosyete nou an pou nou dekoûvri gwo konfli ki genyen nan lavi yon moun: li vle fè sa ki bon, men li fè sa ki mal. Batèm nan pa detwi sa moun ye. Moun toujou ap goumen ant mal ak byen, ant zidòl ak Bondye, ant egois ak renmen, ant

## WOMEN 7-8

li menm m ap fè. <sup>16</sup> Si se sa mwen pa vle fè a mwen fè, mwen dakò ak Lalwa a pou mwen rekonèt li bon. <sup>17</sup> Kounye a, se pa mwen menm ankò ki fè sa, men se peche a ki abite anndan mwen. <sup>18</sup> Toutbon vre, mwen konnen pa gen anyen ki bon ki rete anndan m, mwen vle di nan kò m. Vle sa ki byen, li posib pou mwen, men se pa fè sa ki byen. <sup>19</sup> Paske byen mwen vle fè a, mwen pa fè l, men mal la mwen pa vle fè a, se li menm mwen fè. <sup>20</sup> Si se sa mwen pa vle fè a, se li menm mwen fè, se pa mwen menm ankò ki fè sa, men peche a ki abite anndan mwen an. <sup>21</sup> Konsa mwen dekouvrì Lalwa sa a : Lè mwen vle fè sa ki bon, se sa ki mal la ki vin devan m. <sup>22</sup> Reyèlman vre, dapre moun mwen ye pa anndan an, mwen mete kontant-man mwen nan Lalwa Bondye a. <sup>23</sup> Men mwen wè yon lòt Lalwa nan manm mwen yo. Lap goumen ak Lalwa lespri m. Li fè m prizonye Lalwa peche ki nan manm mwen yo. <sup>24</sup> Ala mwen malere ! Kilès ki pral delivre m sòti nan kò lanmò sa a ? <sup>25</sup> Lwanj pou Bondye, grasa Jezi Kri, Granmèt nou.

Konsa se byen mwen menm k ap sèvi Lalwa Bondye a ak lespri mwen, an menm tan m ap sèvi Lalwa peche a ak kò mwen.

**Lespri a bay lavi**

**8** <sup>1</sup> Kounye a menm, nanopwen okenn kondanasyon pou moun ki nan Kris Jezi yo. <sup>2</sup> Reyèlman vre, Lalwa

<sup>1Kor 15,57</sup>  
<sup>Jer 31,33; Ezk 36,27;</sup>

manti ak laverite. Li pi fasil pou l kite fòs peche a dominen l. Konsa li bati yon sosyete ki chita sou peche.

Lavi moun se yon kafou kote fòs lavi yo ak fòs fènwa yo goumen pou youn ranpòte viktwa sou lòt. Fòs peche yo kontwole lavi nou. Li detwi tout kapasite nou pou nou fè byen. Peche a abite nan nou tankou nan pwòp kay li. Li fè nou prizonye Lalwa li, ki rete nan kè nou an. Men kote li montre li fò, Bondye bay plis gras. Poutèt sa, Pòl fini ak yon rèl viktwa : «Delivrans lan li la. Se Bondye ki ban nou li nan Jezi Kri, Granmèt nou an». Se kòmsi nan bò falèz la, Pòl santi Bondye ba li zèl pou li vole lib sou kondisyon peche sa a. Kounye a tout moun ki sou latè beni gen zèl pou li vole lib, pou li tounen moun tout-

Lespri ki bay lavi nan Kris Jezi a, delivré w sòti anba Lalwa peche ak lanmò a. <sup>3</sup> Sa Lalwa pa t kapab fè, paske li te twò fèb, akòz kò frajil la, Bondye fè l pou wete peche a, nan voye li voye pwòp Pitit li a nan yon kò frajil, ki sanble ak kò frajil peche a. Nan kò a menm li kondane peche a, <sup>4</sup> pou lòd Lalwa a reyalize nèt nan nou ki pa mache dapre kò a, men dapre lespri a. <sup>5</sup> Moun ki viv dapre kò a gen lide yo sou afè kò a, moun ki viv dapre lespri a gen lide yo sou bagay lespri a. <sup>6</sup> Anvi kò a mennen lanmò, men anvi lespri a mennen lavi ak kè poze. <sup>7</sup> Poutèt sa, anvi kò a lènmi ak Bondye. Li pa obeyi Lalwa Bondye, li pa menm kapab. <sup>8</sup> Moun ki viv dapre kò a, pa kapab fè Bondye plezi. <sup>9</sup> Men nou menm, nou pa viv dapre kò a, men dapre lespri a, paske Lespri Bondye a abite nan nou. Si yon moun pa gen Lespri Kris la, li pa moun pa l. <sup>10</sup> Si Kris la nan nou, se vre kò a ap mouri poutèt peche a, men lespri a ap viv poutèt lavi kòrèk la. <sup>11</sup> Si Lespri Sila a ki fè Jezi leve sòti pamimò yo, abite nan nou, sila a ki fè Kris la leve sòti pamimò yo, va bay ata kò nou ki fèt pou mouri a lavi, grasa Lespri l ki abite nan nou.

<sup>12</sup> Konsa frè m yo, nou dwe, men se pa kò a nou dwe, jis pou nou ta viv dapre kò a. <sup>13</sup> Si nou viv dapre kò a, nou gen pou nou mouri, men, si grasa Lespri a, nou fè zèv kò yo mouri, n ap

bon vre, grasa Jezi Kri ki te mouri epi ki te leve byen vivan pamimò yo.

**8,2 :** Gen dokiman ki bay : «Li te delivre mwen.» Gen lòt dokiman ki bay «Li te delivre nou.»

**8,1-13 :** Jezi te delivre nou lè li antre nan istwa nou an. Delivrans Jezi Kri a se yon bagay ki annan pwòp lavi moun. Pitit Bondye a té tounen yon moun vivan epi lè sa a li pote Lespri Bondye a bay moun. Konsa moun ki te anba fòs peche a, li kòmanse gen yon fòs tounèf ki fè l kapab swiv pwojè Jezi Kri a, ki pwojè lavi a. Ak Lespri Bondye a moun kapab sòti kite pwojè lanmò a pou yo antre nan pwojè lavi a, sòti kite egoyis pou antre nan renmen epi pou bay lavi yo pou lòt yo, menm jan Jezi te fè.



## WOMEN 8

viv.<sup>14</sup> Tout moun ki kite Lespri Bondye a mennen yo, se yo ki pitit Bondye.<sup>15</sup> Reyèlman vre, se pa yon lespri esklavaj nou resevwa pou nou tounen nan laperèz ankò, men nou resevwa yon lespri ki fè nou tounen moun yo pran pou pitit, ki pèmèt nou rele di ‘Abba, Papa.’<sup>16</sup> Lespri a li menm, ansann ak lespri pa nou, sèvi temwen nou se pitit Bondye.<sup>17</sup> Si nou se pitit, nou se eritye tou. Nou eritye Bondye, eritye ansanm ak Kris la, paske n ap soufri ansanm ak li, pou nou jwenn moso nan glwa l ansanm ak li tou.

**Glwa k ap vini an**

<sup>2Kor 4,17</sup> <sup>18</sup> Se vre wi, mwen kwè soufrans tan ki la kounye a, pa kapab wè ak glwa ki gen pou parèt nan nou an.<sup>19</sup> Tou sa Bondye kreye se pa ti tann y ap tann sa ki va parèt nan pitit Bondye yo.<sup>20</sup> Tou sa Bondye kreye mache sou zòd sa ki pa vo anyen an, pa paske li vle sa, men akòz sila ki fè l mache sou zòd li a. Sèlman li pa san lespwa,<sup>21</sup> paske tou sa Bondye kreye, li menm tou, li va delivre anba esklavaj kò ki gen pou l

Lè Lespri Bondye a antre nan lavi yon moun, grasa Jezi Kri, moun nan viv yon lavi tounèf total kapital. Kounye a li kapab santi, panse, epi aji jan Bondye vle. Olye li swiv Lalwa egoyis ki ann dan kè l, li kapab swiv Lalwa Lespri lavi a. Se yon fòs tounèf ki anndan kè moun. Se fòs Bondye a menm ki delivre moun pou li pa kontinye anba fòs lanmò yo ankò, men pou li kapab viv dapre Lalwa renmen Bondye a. Kounye a, grasa Lespri Sen an, Lespri Jezi Kri ki leve byen vivan an, moun ki vle fè sa ki bon, li kapab fè l. Li p ap mare ak peche a ankò. Premye konsekans delivrans Bondye ban nou nan Jezi Kri a, se fè vye moun nan ki mare ak peche a tounen yon lòt moun tounèf. Dezyèm konsekans lan, moun tounèf la kapab bati yon sosyete ki chita sou ren men, kè poze, patataj, sèvis, jistis.

**8,14-17:** Kounye a nou kapab viv tankou fanmi Bondye toutbon. Nou kapab rele Bondye «Abba» ki vle di : «Bon ti papa nou»... Si nou tout rele Bondye Papa, sa vle di nou tout se pitit li. Epi si nou tout se pitit Bondye, nou tout se frè ak sè nan Jezi Kri. Bondye fè moun ki kite Lespri Sen an gide lavi li, yon pwomès : I ap patisipe nan Peyi kote Bondye Wa a. Se sa Jezi te di nou epi se sa li te fè pou nou.

**8,18-27:** Anvi viktwa sa a se yon anvi tout moun gen nan kè li epi se yon anvi lanati gen

gate a, pou li jwenn pa l nan libète ak glwa pitit Bondye yo.<sup>22</sup> Nou konnen reyèlman vre, tou sa Bondye kreye ap plenn nan doulè tranche jis kounye a.<sup>23</sup> Se pa yo sèlman, men ata nou menm ki gen premye fwi Lespri a, nou menm tou n ap plenn nan kè nou, antan n ap tann yo pran nou pou pitit, an menm tan ak delivrans kò nou an.<sup>24</sup> Reyèlman vre, nou sove antan nou gen lespwa sove. Wè kichòy w espere, se pa lespwa ankò. Èske yon moun kapab espere sa li wè a ?<sup>25</sup> Men si n ap espere sa nou pa wè, n ap tann li ak pasyans.

<sup>26</sup> Se konsa tou Lespri a vin ban nou konkou nan feblès nou. Paske nou pa konnen kouman pou nou lapriyè jan sa dwa, men Lespri a menm ap plede pou nou ak anpil soupi, se pa pale.<sup>27</sup> Men Sila a ki sonde fon kè yo, konnen kalite santiman Lespri a genyen, paske li plede pou moun ki sen yo dapre volonté Bondye.<sup>28</sup> Nou konnen Bondye fè tout bagay mache pou byen moun ki renmen l yo, sila yo li rele dapre plan li pare davans lan.<sup>29</sup> Paske sila yo li te

tou. Lanati ap tann yo delivre l anba fason egois moun sèvi ak li, pou mete l nan sèvis patataj ak solidarite.

Sove anviwònman an se yon devwa, yon obli gasyon epi yon angajman tout moun dwe pran, ni sa ki kretyen, ni sa ki pa kretyen.

Nou pa kapab separe Bondye ki te sove nou ak Bondye ki te kreye tout bagay. Nou pa kapab separe kreyasyon moun yon bò ak kreyasyon tè a ak tout lanati yon lòt bò. Si peche moun te mennen kreyasyon an nan kalamite li ye jounen jodi a, Sovè ki vini pou l sove nou an, ap rale l sòti nan dezas la tou, pou li kapab tounen lakay tout moun ki sou tè a, yon kominate pou tout frè ak sè yo, lakou fanmi Bondye a. Fòk nou antre fon nan pwojè Bondye genyen pou l fè yon syèl tounèf ak yon tè tounèf (Izayi 65,17; 2Pye 3,13; Apokalips 21,1). Delivrans total kapital la se yon rèv, men yon rèv ki posib epi ki déjà kòmanse nan lavi nou grasa Lespri Sen an. Delivrans lan se yon rèv epi an menm tan se yon royalite tou.

**8,28-30 :** Pwojè Bondye gen depi toutan an, se mete moun apa davans, rele moun, rann yo kòrèk nèt epi ba yo kè poze ak kè kontan ki p ap janm fini an nan syèl la. Se konsa l ap fè moun yo tounen pòtre Pitit li a nan gwo fanmi Bondye a. Pwojè Bondye a pa mete okenn moun deyò,



## WOMEN 8–9

<sup>2Tes 2,13; 1Kor 15,49; 2Kor 3,18</sup> konnen anvan yo egziste, li mete yo apa davans, pou yo vin sanble ak Pitit li a, dekwa pou li premye Pitit pami anpil frè. <sup>30</sup>Moun li mete apa davans yo, se yo menm li rele tou. Epi moun li rele yo, li fè yo vin kòrèk. Sa li fè vin kòrèk yo, li fè yo jwenn glwa.

**Glwa pou renmen Bondye a**

<sup>Iz 50,8 Eb 7,21</sup> <sup>31</sup>Kisa pou nou di ankò? Si Bondye pou nou, kilès k ap kont nou? <sup>32</sup>Li menm ki pa t fè pa pwòp Pitit li a, men li renmèt li pou nou tout, kouman pou ansanm ak li, li pa ta fè nou kado tout bagay? <sup>33</sup>Kilès k ap pote plent kont moun Bondye chwazi yo? Se Bondye ki fè moun vin kòrèk! <sup>34</sup>Kilès k ap kondane? Èske se Kris Jezi ki mouri a, byen plis li leve byen vivan an, li menm ki adwat Bondye a, li menm k ap plede pou nou an? <sup>35</sup>Kilès ki kapab separe nou ak renmen Kris la? Èske se soufrans, kè sere, pèsekisyón, grangou, pa gen rad, danje oswa manchèt? <sup>36</sup>Dapre jan sa ekri a: Poutèt ou, y ap touye nou, tout lajounen, y ap trete nou tankou mouton labatwa. <sup>37</sup>Men nan tou sa, nou ranpòte bél viktwa, grasa Sila

li pa kite okenn moun sou kote. Men moun lib, li kapab chwazi bay pwojè Bondye a jarèt, osin voye l jete. Ak tout libète li moun kapab jwenn piyay lavi nan Bondye, osin kondansyon an.

**8,31-39**: Renmen Bondye gen pou nou an pa gen limit. Li te montre nou sa nan voye li voye Pitit li a pou li sove nou, lè nou te nan peche. Pa gen difikilte ni pèsekisyón, ni lanmò, ni nenpòt ki lòt fòm dominasyon ki kapab anpeche pwojè Bondye a devlope nan listwa, jouk li rive nan bout li nèt. Pa gen anyen ki kapab anpeche kreyen yo sèvi Jezi temwen.

Ala bél mesaj Pòl ban nou nan chapit sa a: Nou pa bezwen pè. Nou pa pou kont nou. Papa Bondye ak Pitit li a ki tounen moun epi ki fè youn ak Lespri Sen an, ap lite ak nou kont tout fòs fènwa yo.

Pòl nonmen non Lespri Sen an 29 fwa nan chapit sa a, epi li montre nou bél kalite aktivite Lespri Sen an fè nan nou. Se li ki mete lide nan tèt nou, se li ki atire nou pou nou vin jwenn lavi ak kè poze, se li menm k ap ban nou lavi ki pa janm fini an, se li ki fè nou pitit Bondye pou nou kapab rele l: Papa nou, se li ki fè nou sèten nou se pitit Bondye yo nan Jezi Kri, se li ki fè

ki renmen nou an. <sup>38</sup>Reyèlman vre, mwen sèten, ni lanmò, ni lavi, ni zanj yo, ni chèf zanj yo, ni kounye a, ni demen, ni pouvwa, kit anlè, kit nan bafon, ni okenn lòt sa Bondye kreye, p ap kapab separe nou ak renmen Bondye a, ki nan Kris Jezi, Granmèt nou an.

**Bondye ak pèp li chwazi a**

**9** <sup>1</sup>Se laverite m ap di nan Kris la, mwen pa nan manti, konsyans mwen sèvi m temwen nan Lespri Sen an. <sup>2</sup>Se yon gwo lapenn pou mwen, epi se toutan gen yon gwo doulè nan kè m. <sup>3</sup>Reyèlman vre, mwen ta swete madichon tonbe sou mwen, separe m ak Kris la, mwen menm menm poutèt frè m yo, ki menm ras ak mwen kòm moun. <sup>4</sup>Se moun Izrayèl yo ye. Yo pran yo pou pitit, glwa a, kontra a, Lalwa a, sèvis Bondye epi pwomè yo, tou sa se pou yo. <sup>5</sup>Zansèt yo, se pou yo. Se pamì yo Kris la sòti ak kò moun li a, li menm ki anlè tout bagay, li Bondye, konpliman pou li pou toutan. Amèn.

<sup>4,22; 19,5; Iz 40,5; 2Sam 7,14; Ef 2,12</sup> <sup>6</sup>Sa pa vle di pawòl Bondye a pèdi valè l. Paske se pa tout moun ki sòti

<sup>1Kor 3,22; Kol 2,15</sup>

nou eritye Peyi kote Bondye Wa a ansanm ak Jezi Kri.

Sòti chapit 9 pou rive chapit 11, Pòl pale sou sitiyasyon pèp Izrayèl la ki te refize kwè Jezi se Sovè toutbon an. Jwif yo di Bondye te chwazi yo pou yo fè tout moun jwenn lavi Bondye a, men kounye a sanble se yo ki rete deyò nan plan Bondye pou sove tout moun sou tè a akòz yo te refize Jezi. Kesyon sa a te kapab fè travay evanjelizasyon an echwe nan mitan kominote kreyen ki gen Jwif ladan yo.

An nou gade jan Pòl pran pozisyon nan chèche li chèche laverite a san li pa gen ni prejije ras, ni patipri. Se sèl fason sa a Legliz la gen pou li chèche laverite a tou.

**9,3-5**: Pòl nan gwo chagren paske Jwif yo, frè parèy li yo, pa aksepte Levanjil Jezi Kri a. Fòk nou gadé bél konpòtman Pòl gen ak pèp li a. Li pale ak Bondye menm jan Moyiz te fè l sou mòn nan, lè l te di Bondye: «Men, tanpri, padonnen peche yo. Si se pa sa, tanpri efase non mwen nan liv ou à» (Egzòd 32,32).

Menmisi Pòl se apot pou moun pèp etranje yo, li se frè Jwif yo tou. Li santi Jwif yo se pwòp fanmi li. Li santi kè li fann an de paske yo pa t resevwa Levanjil Jezi Kri a.

## WOMEN 9

nan Izrayèl ki Izrayèl! <sup>7</sup>Ni se pa paske  
 2,28; Mt 3,9; Jn 8,39; Jen 21,12  
 yo se ras Abraram, pou di yo tout se  
 ptit pou sa. Men « se ptit ptit Izarak k  
 1Kor 10,18; Gal 6,16  
 ap pote non w. » <sup>8</sup>Sa vle di se pa ptit  
 kò a ki ptit Bondye yo, men se ptit  
 pwomès la. Se yo y ap rekonèt kòm  
 Jen 18,10  
 ptit ras. <sup>9</sup>Men sa pawòl pwomès la di:  
 « Nan memm dat sa a m ap vini epi Sara  
 va gen yon ti gason. » <sup>10</sup>Se pa sa sèl-  
 man, men Rebeka tou te vin ansent  
 pou yon sèl moun, Izarak, papa nou  
 an. <sup>11</sup>Timoun yo pa t ko fèt, yo pa t ko  
 fè ni byen ni mal, men pou plan  
 Bondye te fikse davans lan, dapre  
 volonte li a, te kanpe fèm: <sup>12</sup>Se pa  
 25,23; 1Tes 14;  
 2Pyè 1,10  
 Mal 1,2-3  
 poutèt zèv li, men poutèt Sila ki rele l  
 la, Bondye di Rebeka: « Pi gran an pral  
 sèvi pi piti a. » <sup>13</sup>Se konsa li ekri: « Mwen  
 renmen Jakòb, mwen rayi Ezayi. »

<sup>Dt 32,4</sup> <sup>14</sup>Kisa n ap di? Èske Bondye fè  
 enjistis? Jamè! <sup>15</sup>Li di Moyiz konsa:  
 « Mwen gen pitye pou moun mwen vle  
 gen pitye, mwen gen kè sansib pou  
 moun mwen vle gen kè sansib. » <sup>16</sup>Konsa sa pa sòti ni nan volonte, ni  
 nan efò yon moun fè, men nan Bondye  
 Tit 3,5; Flp 3,12;  
 9,16  
 ki gen pitye. <sup>17</sup>Nan Liv la Bondye di  
 Farawon konsa: « Se pou rezon sa a  
 menm mwen mete w la, pou mwen fè  
 wè pouwwa mwen nan ou, epi pou yo  
 pibliye Non mwen sou tout tè a. » <sup>18</sup>Konsa li gen pitye pou moun li vle.  
 Men li fè kè li vin di tou pou moun li vle.

**Bondye lib fè sa li vle**

<sup>19</sup>Ou va di m: Ki repwòch ki gen  
 pou fè ankò? Kilès ki kapab reziste  
 devan volonte Bondye? <sup>20</sup>Èske yon  
 bagay yo fin bay fòm, kapab di moun  
 ki ba li fòm nan: Poukisa w te fè m  
 konsa? <sup>21</sup>Oubyen, bòs ki konn brase tè  
 pou li fè vesò a, èske ak menm pat la,  
 li pa gen pouwwa pou li fè yon vesò  
 kalite siperyè, oubyen yon kalite enfe-  
 ryè? <sup>22</sup>Konsa, si Bondye, pou montre  
 kòlè l, epi pou fè konnen fòs pouwwa l,  
 te sipòte vesò kòlè yo te pare pou  
 kraze yo a, ak anpil pasyans, <sup>23</sup>dekwa  
 pou li fè wè richès glwa l, pou vesò kè  
 sansib li yo, li te pare davans pou glwa  
 a. <sup>24</sup>Sila li rele yo, nou menm, pa sèl-  
 man pamì Jwif yo men nan pamì pèp  
 etranje yo tou. <sup>25</sup>Se sa li di nan Oze:  
 « Sa ki pa t pèp mwen an, m ap rele li  
 pèp mwen an, fi mwen pa t renmen an,  
 m ap rele li fi mwen renmen an. » <sup>26</sup>Epi  
 nan menm kote yo te di yo a: « Nou p  
 ap pèp mwen an », se la y ap rele yo  
 « ptit Bondye vivan an. » <sup>27</sup>Izayi rele  
 pou Izrayèl byen fò: « Menm si kantite  
 ptit Izrayèl yo ta tankou sab lanmè a,  
 se ti rès la k ap sove. <sup>28</sup>Granmèt la ap fè  
 pawòl la tounen reyalite byen vit sou  
 tè a. » <sup>29</sup>Se konsa Izayi te anonse da-  
 vans: « Si Granmèt lame yo pa t kite  
 yon jèm ptit pou nou, nou t ap vin tan-  
 kou Sodòm, nou t ap sanble Gomò. »

**9,6-13:** Pòl di: « Pwomès Bondye te fè yo p  
 ap janm gaspiye. Izrayèl toutbon an se pa Izrayèl  
 dapre kò a, dapre ras la. » Izrayèl toutbon an se  
 nenpòt moun ki gen menm lafwa Abraram te  
 gen an. Nenpòt moun ki kwè nan Bondye  
 menm jan ak Abraram, se ptit Abraram. Se nan  
 moun sa yo pwomès Bondye yo ap reyalize.  
 Epitou Bondye chwazi moun li vle, kit li Jwif kit  
 li etranje, pou fè pwojè Peyi kote li Wa a reyinsa  
 nan listwa.

**9,14-29:** Bondye lib. Jwif yo t ap tann pou  
 Bondye pini etranje yo. Pòl di yo: Bondye lib  
 pou li bay moun chatiman osinon pou li padon-  
 nen yo. Kounye a, nan Jezi Kri, Bondye chwazi  
 padonnen yo pito, pase ba yo pinisyon. Jwif yo  
 di: Si se konsa, pa gen jistis nan Bondye. Pòl  
 reponn: Nou pa kapab fè Bondye repwòch,  
 paske se sèl li ki konnen kijan pou li sove moun.

Pòl di: Bondye bay moun yo limyè, osinon li fè  
 moun rete avèg, Bondye beni moun, osinon li  
 rayi moun, men Pòl konnen se moun menm ki  
 deside si li vle jwenn limyè oubyen rete avèg,  
 jwenn benediksyon oubyen madichon, chak fwa  
 li aksepte pwojè Bondye a, osinon li refize l. Pòl  
 pale menm jan moun Premye Kontra yo te konn  
 pale, kòmsi moun yo pa gen libète. Li konsyan  
 nan listwa moun yo tout bagay mache ak volon-  
 te yo, men pou sa ki konsèn Peyi Kote Bondye  
 Wa a, ki anndan listwa moun, tout bagay sou  
 kont Bondye. Li pa lage pwojè li a; li toujou nan  
 men li epi se sa ki ban nou garanti pwojè Peyi  
 kote Bondye Wa a pral reyisi kanmenm. Epitou  
 ansyen Pwofèt yo te pale sou Bondye ki te  
 chwazi Izrayèl la, men yo te pale sou Bondye ki  
 pral ofri delivrans li a bay moun pèp etranje yo  
 tou.

## WOMEN 9–10

<sup>30</sup>Kisa n ap di? Pèp etranje yo ki pa t ap rapouswiv lavi kòrèk, yo jwenn lavi kòrèk, lavi kòrèk ki sòti nan lafwa a.  
<sup>Lk 18,9</sup> <sup>31</sup>Men Izrayèl menm ki t ap kouri dèyè yon Lalwa, pou fè l vin kòrèk, li pa rive swiv Lalwa a. <sup>32</sup>Poukisa? Paske yo pa t konte sou lafwa, pou chèche vin kòrèk, kòmsi yo te kapab rive jwenn li poutèt zèv yo. Yo bite sou wòch ki fè moun bite a! <sup>Iz 28,16; 8,14; Lk 2,34; Mt 21,42</sup> <sup>33</sup>Jan li ekri: «Men, nan Siyon mwen mete yon wòch k ap fè moun bite, ak yon gwo wòch pyèj. Men moun ki kwè nan li p ap sòti wont.»

**Jwif ak pèp etranje yo gen menm Bondye**

**10** <sup>T Ap 22,3</sup> Frè m yo, sa mwen swete nan fon kè m, sa mwen mande Bondye pou yo, se pou yo sove. <sup>2</sup>Mwen sèvi yo temwen, yo cho nan sèvis pou Bondye, men yo manke konesans ladan. <sup>3</sup>Reyèlman vre, yo pa konnen lavi kòrèk Bondye a. Yo chèche mete pwòp lavi kòrèk pa yo. Konsa, yo pa obeyi lavi kòrèk Bondye a. <sup>4</sup>Kote Lalwa a ap mennen se nan Kris la, dekwa pou tout moun ki kwè, kapab vin kò-

**9,30-32:** Pandan Jwif yo t ap chèche sove tèt yo ak Lalwa, yo te tonbe nan yon twou san fon. Yo pa t kapab rive konprann wòl Lalwa se pare yo, pou yo kapab resevwa Jezi Kri Sovè Bondye voye ba yo a, ki poto mitan plan delivrans Bondye a. Bondye menm pral louvri chemen pou sove pèp Izrayèl la.

**9,33:** Wòch ki fè moun tonbe a : Al gade Izayi 8,14 ak 28,16.

**10,1-2:** Pòl kontinye pale sou tèt di pèp Izrayèl la. Li sèvi ak metòd dyalòg Jwif yo nan tan pa l la. Pòl jwenn divès pozisyon anndan Bib la. Se vre gen yon pakèt vèsè nan Premye Kontra a ki pale sèlman sou jan moun dwe kenbe nan swiv kòmandman yo, men gen lòt tou ki montre valè kado Bondye bay gratis la genyen. Konsa menm, Pòl montre nou yon lòt fwa ankò nou pa kapab pran kèk Pawòl nou li nan Bib la pou nou li yo apa, men se pou mete yo anndan tout Bib la pou nou jwenn sans yo.

**10,3-8:** Menm jan ak Jwif yo, anpil kretyen ta renmen vin pi prè Bondye, ak de men yo plen, lè reyèlman vre se Kris la sèlman ki envite yo resevwa sa li gen ki pou yo. Eske sa vle di nou pa dwe fè anyen pou Bondye ki s4/ove nou gratis ? Okontrè. N ap fè piplis ankò pou nou kapab rive

rèk. <sup>5</sup>Sou lavi kòrèk ki sòti nan Lalwa a, Moyiz ekri konsa: «Moun ki swiv sa li di, ap viv grasa li menm.» <sup>6</sup>Men lavi kòrèk la ki sòti nan lafwa a, pale konsa : «Pa di nan kè w kilès ki pral monte nan syèl la ?» Kidon : pou fè Kris la desann. <sup>7</sup>Oswa, «kilès k ap desann nan bafon an?» Kidon : pou fè Kris la monte sòti pamì mò yo. <sup>8</sup>Men kisa li di : «Pawòl la tou pre w, li nan bouch ou ak nan kè w.» Sa vle di pawòl lafwa a n ap preche a. <sup>9</sup>Paske si ak bouch ou, ou deklare Jezi se Granmèt, epi ou kwè nan kè w Bondye te leve l sòti byen vivan pamì mò yo, w ap sove. <sup>10</sup>Reyèlman vre, kwè ak kè w, fè w vin kòrèk, deklare ak bouch ou, mennen delivrans lan. <sup>11</sup>Men sa Liv la di: «Tout moun ki kwè nan li, p ap sòti wont.» <sup>Iz 28,16</sup> <sup>12</sup>Nanpwen diferans ant Jwif ak Grèk. Paske se menm Granmèt tout moun li ye. Li rich ak favè pou tout moun k ap rele li yo. <sup>13</sup>Konsa tout moun k ap rele non Granmèt la ap sove.

**Men tout moun pa obeyi**

<sup>14</sup>Men kijan pou yo fè rele l, si yo pa kwè nan li? Kijan pou yo fè kwè nan li,

renmen li jan li renmen nou! Men nou pa mete konfyans nou nan sa nou fè, n ap mete konfyans nou nan kè sansib Bondye gen pou nou an.

**10,9-11:** Jwif yo te fè tout sa Lalwa Moyiz la mande pou fè, pou yo kapab rale Sovè a sòti nan syèl rive sou tè a. Pòl menm te konnen sa byen (Travay 23,3; Gal 1,13). Men kounye a, Pòl konprann chemen pou moun jwenn Sovè a se pa Lalwa. Chemen an se pwoklame ak bouch ou Jezi se Grannmèt la, epi kwè ak tout kè w, Bondye te leve l byen vivan pamì mò yo. Si w fè sa, Bondye ap sove w.

Pòl envite moun tout nasyon, kit Jwif, kit moun pèp etranje, antre nan plan delivrans Bondye ofri nou gratis la. Li fè yo sonje Pawòl Pwofèt Jowèl te di a: «Nenpòt moun ki mete konfyans yo nan li, p ap janm sòti wont.»

**10,14-21:** Pòl ban nou kijan moun kapab rive kwè : Jezi bay Bon Nouvel la, apot yo preche li, moun yo tandé prèch la, konsa y ap kwè, y ap reponn ak lafwa. La a Pòl fè nou sonje sa Jezi te di: «Rekòt la anpil, men manke ouvriye» epi sa Izayi te di tou : «Ala bèle sa bèle, lè ou wè sou mòn yo mesaje a k ap kouri pote Bon Nouvel k ap bay kè poze a ! L ap fè konnen delivrans Bondye a» (Izayi 52,7) Lè Pòl di sa, li pa t sonje sèlman pèp



## WOMEN 10-11

si yo pa tandem pale sou li? Kijan pou yo fè tandem pale sou li, san pèsonn pa preche? <sup>15</sup> Kijan pou yo fè preche, si se pa voye yo voye yo? Jan sa ekri: « Ala bél pye moun k ap pote Bon Nouvèl yo bél. » <sup>16</sup> Men se pa tout moun ki te obeyi Bon Nouvèl la. Se sa Izayi di: « Gran-mèt, kilès ki te kwè nan prèch nou an? » <sup>17</sup> Konsa lafwa sòti nan sa yo tandem a. Sa yo tandem a, se Pawòl Kris Sòm la. <sup>18</sup> Sèlman mwen di: Èske se tandem yo pa ta tandem? Men wi! « Bri vwa yo rive sou tout tè a. Pawòl yo rive jis nan bout peyi ki gen moun. » <sup>19</sup> Sèlman mwen di: èske Izrayèl se konnen li pa t konnen? Anvan, nou gen Moyiz ki di: « M ap fè nou fè jalouzi pou sa ki pa menm yon pèp. Pou yon pèp san konprann m ap fè nou fè move san. » <sup>20</sup> Apre sa, Izayi menm gen ladas di: « Moun ki pa t ap chèche m, mwen kite yo jwenn mwen, moun ki pa t mande pou mwen, se sou yo mwen parèt. » <sup>21</sup> Men kanta pou Izrayèl li di: « Tout lajounen mwen t ap lonje men m bay yon pèp ki pa vle obeyi, k ap fè redòn. »

**Bondye pa voye pèp li a jete**

<sup>2Kor 11,21; Flp 3,5</sup> **11** <sup>1</sup> Men sa m di: èske Bondye pa t voye pèp li a jete? Jamè! Mwen menm, mwen se moun Izrayèl, nan ras Abraram, nan fanmi Benjamen. <sup>2</sup> Bondye pa rejte pèp li a, sa li te chwazi davans la. Oswa, èske nou pa konnen sa Liv la di nan istwa Eli a, jan li pote plent bay Bondye pou Izrayèl? <sup>3</sup> Gran-mèt, yo touye pwofèt ou yo, yo kraze

<sup>1Sam 12,22; Sòm 94,14; Jer 31,37</sup> etranje yo ki pa t janm tandem Bon Nouvèl Jezi Kri a. Li sonje tou Jwif frè li yo ki pa t ko konnen Jezi, Nèg Nazarèt la.

Pòl fini mesaj li ak yon bél Pawòl ki montre renmen ak kè sansib Bondye genyen pou pèp li a: « Chak jou mwen t ap lonje men m bay yon pèp ki t ap kenbe tèt ak mwen, ki t ap fè sa ki mal, ki t ap fè sa yo pito » (Izayi 65,2).

**11,1-12:** Li posib pou te gen pami kretyen ki te sòti nan pèp etranje yo kèk moun ki te kòmanse di Bondye te voye pèp jwif la jete nèt. Pòl pran okazyon sa a pou l'reponn: Jamè!

lotèl ou yo. Se mwen menm ki rete, epi y ap chèche pran lavi m. <sup>4</sup> Men, ki repons Bondye ba li? Mwen te sere sèt mil moun pou mwen. Yo menm yo pat mete ajenou devan Baral. <sup>5</sup> Se menm jan tou, nan tan kounye a, gen yon ti rès Bondye chwazi, dapre yon favè gratis. <sup>6</sup> Si se dapre yon favè, se pa dapre zèv yo ankò. San sa, favè pa favè ankò. <sup>7</sup> Kisa non? Sa Izrayèl ap chèche a, li pa reyisi jwenn li. Men moun Bondye chwazi yo rive jwenn li, lòt yo menm fè kè yo di. <sup>8</sup> Jan sa ekri: « Bondye ba yo yon lespri lou, je pou yo pa wè, zòrèy pou yo pa tandem, jis jounen jodi a. » <sup>9</sup> David di: « Se pou tab yo tounen yon pyèj, yon pèlen, yon antrav, pou li fè yo jwenn pa yo. <sup>10</sup> Se pou yo vin avèg, pou yo pa wè. Se pou yo mache do ba toutan. »

<sup>1Wa 19,18</sup><sup>9,6-13</sup><sup>Dt 29,3; Iz 29,10</sup><sup>Sòm 69, 23-24</sup><sup>Mt 8,11; 21,43</sup>**Jwif ak pèp etranje yo devan plan Bondye a**

<sup>11</sup> Men sa m di: èske yo bite pou yo tonbe nèt? Jamè! Men poutèt fòt yo a, delivrans lan rive pou pèp etranje yo, pou Izrayèl fè jalouzi pou yo. <sup>12</sup> Si fòt yo a tounen yon richès pou tè a, si feblès yo a tounen yon richès pou pèp etranje yo, pa mande kijan sa va ye atò lè yo tout rive kwè nètale!

<sup>13</sup> Nou menm pèp etranje yo, mwen di nou: Poutèt mwen se apòt pèp etranje yo vre, mwen respekte sèvis mwen an, <sup>14</sup> pou wè si m ap fè moun ras mwen yo fè jalouzi, pou mwen sove kèk nan yo. <sup>15</sup> Reyèlman vre, si se rejte yo te rejte yo a, ki fè tè a rekonsilye,

<sup>1Kor 9,22</sup><sup>2Kor 5,17</sup>

Pòl menm se yon prèv Bondye pa bandonnen Jwif yo, paske se Jwif li ye. Kounye a Pòl ki konnen Bib la byen, fè moun yo sonje vèsè ki pale sou Moyiz ki te pale ak Bondye anfavè Izrayèl (Egzòd 32,14-19). Apre sa li fè yo sonje Pwofèt Eli. Li kriye devan Bondye, epi li di: Se sèl mwen menm ki la epi yo chèche touye m. Bondye reponn li: « Mwen te mete 7000 moun apa ki pou mwen » (Chif sèt (7) la vle di bagay ki pou tout moun, yon pakèt moun). La a, Pòl antre nan koze li renmen anpil la: Bondye toujou fè premye pa pou li sove moun, epi favè li a se gratis li bay li pou tout moun ki sou latè beni.



## WOMEN 11

kisa sa va ye lè yo va pran yo ankò, èske se p ap tankou lavi ki sòti nan lanmò?

<sup>16</sup> Si w mete premye moso nan pat la apa pou Bondye, se tout pat la ki pou li. Si rasin nan apa pou Bondye, branch yo pou li tou. <sup>17</sup> Si yo koupe kèk branch, epi ou menm ki yon pye oliv mawon, yo grefe w nan plas yo, ki fè w vin jwenn pa w nan san rasin pye oliv la bay la, <sup>18</sup> pinga vante tèt ou kont branch yo koupe yo. Si w ap vante tèt ou, pa blyie se pa ou ki pote rasin nan, men se rasin nan ki pote w. <sup>19</sup> W ap di: Yo koupe branch yo pou yo te kapab grefe m. <sup>20</sup> Se byen, se akòz yo pa kwè yo koupe yo, ou menm se akòz lafwa w, ou kanpe. Pa kite lide grandizè anpare w, men pito w rete sou pinga w. <sup>21</sup> Paske si Bondye pa t fè pa branch yo, ki te fèt nan pye a, li p ap fè pa w non plis tou. <sup>22</sup> Gade kijan Bondye bon, epi rèd an menm tan. Li rèd pou sa ki tonbe yo, men pou ou menm li bon, si w kontinye rete anba kè sansib li, si se pa sa, ou menm tou l ap koupe w jete. <sup>23</sup> Men yo menm tou, si yo pa kontinye rete nan pa kwè yo a, y ap grefe yo nan pye bwa a. Reyèlman vre, Bondye gen

<sup>Ef 2,15</sup><sup>Iz 7,9</sup>

pouvwa grefe yo ankò. <sup>24</sup> Paske si ou menm yo koupe sòti nan pye oliv mawon an, kote w te fèt la, pou yo grefe w sou bon pye oliv la, kote w pa t fèt la, pa mande kijan sa va ye atò pou sila yo ki te fèt sou bon pye oliv la, sou pwòp pye oliv pa yo!

## Tout Izrayèl ap sove

<sup>25</sup> Frè m yo, reyèlman vre, pou nou pa konprann nou gen lespri, mwen pa ta vle nou rete san nou pa konn sekè sa a: Gen yon pòsyon nan Izrayèl k ap fè tèt li di, jistan tout pèp etranje yo antre. <sup>26</sup> Se konsa tout Izrayèl pral sove jan sa ekri a: « *Sila k ap pote delivrans lan va sòti nan Siyon, l ap wete tout peche derespektan ras Jakòb yo.* <sup>27</sup> Se kalite kontra sa m ap pase ak yo, lè m ap wete peche yo. <sup>28</sup> Lè w gade Bon Nouvèl la, ou wè yo vin lènmi pou avantaj nou. Men lè w gade yo chwazi yo, ou wè yo renmen yo poutèt zansèt yo. <sup>29</sup> Paske Bondye pa janm tounen dèyè, ni sou favè li bay gratis yo, ni lè li rele yon moun. <sup>30</sup> Reyèlman vre, menm jan lontan nou pa t obeyi Bondye, epi kounye a nou jwenn yo pran pitye pou nou, paske yo te dezobeyi,

<sup>Iz 59,  
20-21;  
Jer  
31,33</sup><sup>Dt  
4,37;  
Res  
23,19</sup>

**11,16-24:** Bò pa yo, kreyen ki sòti nan pèp etranje yo pa dwe kite logèy pran tèt yo poutèt Bondye gen kè sansib pou yo. Pòl pè pou kreyen yo pa tonbe nan menm pyej Jwif yo te tonbe a: yo sonje se yo Bondye te chwazi, yo meprize lòt yo epi yo fèmèn pòt la pou lòt yo pa antre.

Pòl fè kreyen yo sonje Bondye te chwazi Izrayèl epi li pa fè bak. Pou Pòl fè sa, li sèvi ak de konparezon. Premye konparezon an sòti nan litiji kote pèp la te konn ofri premye fwi rekòt yo bay Bondye (Detewonòm 26; Neyemi 10,36). Si Bondye fè premye fwi yo tounen fwi li mete apa, li sakre, tout rekòt la vin sakre tou. Konsa yo rekonèt tout sa latè donnен, se kado Bondye yo ye. Si Bondye te mete Abraram apa tankou premye fwi rekòt la, li mete pitit pitit li yo apa tou.

Ou pa janm wè yon peyzan mete yon branch ki pa bon nan yon pyebwa ki bon. Li toujou pran yon branch ki bon pou li mete nan yon pyebwa ki pa bon, pou li rive bay bon randman. Pòl fè nou sezi lè li di Bondye te mete yon branch ki pa bon nan yon pyebwa ki bon. Se konsa Pòl wè jan Bondye aji ak tout libète li. Bondye te pran pèp etranje yo epi li mete yo nan pyebwa tout-

bon an ki pèp jwif la. Sa vle di Premye Kontra a se fondman Nouvo Kontra a. Lafwa nan Jezi pa kapab viv san rasin. Rasin li yo sòti nan Premye Kontra a, nan pèp jwif la, pèp kote Sovè Jezi a te fèt la.

Pòl di nou, li pa posib pou kreyen etranje yo mache nan chemen delivrans lan si yo pa mache ansanm ak Jwif yo. Yon bon jou, Grammèt la ap fè nou mache ansanm.

**11,25-36:** Poukisa Jwif Bondye te chwazi yo pa t resevwa Jezi? Pòl pa kapab esplike sa. Sa se yon bagay li pa t ko rive konprann li nèt. Se sèl Bondye ki konnen repons kesyon sa a. Pòl di : *Lè tout pèp etranje yo antre nan pèp Bondye a, Jwif yo pral vin jwenn Jezi Kri tou.* Pòl te toujou kwè Jezi Kri pral tounen touswit. Plis ankò, li te rete kwè limenm li pral wè Jezi Kri anvan li mouri (1 Kor 15,51).

Pou Pòl kapab esplike sitiayson pèp jwif la, li fouye nan Bib la, li pran yon vèsè Izayi 59,20s epi li ajoute yon ti bagay li te pran nan Jeremi 31,31-34.

Pòl di : *Si nou gade sou sa Bondye te fè, li te chwazi pèp Izrayèl la; men si nou gade rezilta tra-*



## WOMEN 11-12

<sup>31</sup> se konsa yo dezobeyi Bondye kou  
nye a, sa fè nou jwenn padon, pou yo  
menm tou yo kapab jwenn padon kou  
nye a. <sup>32</sup>Bondye fèmen tout moun nan  
fè redòn, dekwa pou li kapab pran  
pitye pou yo tout.

<sup>1Kor 2,11; Jer 23,18</sup> <sup>33</sup> Richès, bon konprann ak kone-  
sans Bondye, ala fon sa fon. Ala plan  
moun pa kapab sonde, se plan pa l yo.  
Ala wout ou pa kapab chèche konnen,  
<sup>Iz 40,13</sup> se wout pa l yo. <sup>34</sup>Paske kilès ki kon-  
nen sa ki nan lide Granmèt la? Oswa  
<sup>Job 41,3</sup> kilès ki conn ba li konsèy? <sup>35</sup>Oswa  
kilès ki te ba li anvan, pou li ta gen pou  
<sup>1Kor 8,6; Eb 2,10</sup> li renmèt? <sup>36</sup>Se nan li, se grasa li, se  
pou li tout bagay egziste. Glwa pou li  
pou toutan. Amèn.

**Lavi tounèf la**

<sup>6,11; 15,16; 1Pyè 2,5</sup> **12** <sup>1</sup>Konsa mwen mande nou, frè m  
yo, poutèt kè sansib Bondye a,  
ofri tèt nou tankou yon kado vivan ki  
sen yo bay nan sèvis, ki fè Bondye  
plezi. Se sèvis sa a pou nou fè nan  
lespri nou. <sup>2</sup>Pa pran modèl sou tan n

vay simaye Levanjil apot yo te fè pou yo a, Jwif yo  
te refize aksepte Bon Nouvèl la.

**12,1**: La a, Pòl kòmanse dezyèm pati lèt li a.  
Menm jan ak lòt lèt yo, pati sa a pi pratik pase  
premye a.

Ofri pwòp tèt nou bay Bondye. Se pa sèlman  
jou dimanch ki pou Bondye. Bondye vle pou na  
ba l tout nou menm.

**12,2**: *Pa pran modèl sou tan n ap viv jodi a.* Si  
nou vle viv tankou kreyen fòk nou refize makfa-  
brik sosyete jodi a. Chapant sosyete kote nou viv  
la se tankou vant manman nou. Li aji tankou yon  
moul k ap bay tèt nou fòm, li pran tèt nou.  
Menm jan ak yon vant manman, li ba nou pre-  
mye eritaj fanmi ak kilti. Pòl di si se sosyete a,  
jan li ye a, ki ban nou mak fabrik nou, nou p ap  
kapab eritye Peyi kote Bondye Wa a.

Sa dwe fè nou poze tèt nou yon kesyon: Èske  
Levanjil nou preche nan Legliz nou an transmèt  
bay moun yo tout fòs chanjman ki gen ladan l?  
Èske fason nou viv fè moun konprann Peyi Kote  
Bondye Wa a kòmanse boujonnen nan mitan  
listwa pèp nou an?

**12,3**: Lavi kreyen an fèt apati yon nouvo  
vizyon sou sa lavi, sou sa tè a ak libète moun.  
Batèm nan fè nou vin yon moun tounèf. Pòl  
mande pou nou chanje mantalite nou. Pou nou  
kite Levanjil la chanje lavi nou, kè nou. Se sèl-  
man si nou kite Levanjil la antre lakay nou ak  
tout egzijans li yo, nou kapab chanje dapre sa

ap viv jodi a, men tounen moun ki  
chanje ak lòt lide tounèf, pou nou  
sonde ki sa volonte Bondye ye, ki sa ki  
bon, ki sa ki fè l plezi, ki sa ki kòrèk  
nèt la.

<sup>3</sup>Poutèt favè Bondye fè m nan, <sup>2Kor 10,13;</sup>  
mwen pale nou chak: Pa pran tèt nou  
pou piplis pase sa nou dwe ye a, men  
pran tèt nou ak bon sans, nou chak  
dapre mezi lafwa Bondye te mezire pou  
li a. <sup>4</sup>Reyèlman vre, menm jan nou gen  
anpil manm nan yon sèl kò, men tout  
manm yo pa gen menm aktivite, <sup>5</sup>konsa  
nou menm tou, malgre nou anpil,  
nou fè yon sèl Kò nan Kris la, men  
chak moun pou kont yo se manm li ye,  
youn pou lòt. <sup>6</sup>Nou gen divès kalite  
don, dapre favè Bondye fè nou. Si se  
don pou pale tankou pwofèt, pale  
dapre mezi lafwa a. <sup>7</sup>Si se don pou  
rann sèvis, rann sèvis. Sila ki gen don  
pou montre moun anpil bagay, se pou  
li montre moun. <sup>8</sup>Si se yon don pou  
ankouraje, se pou li bay ankourajman.

Jezi vle pou nou. Se nan kè nou peche a sòti.  
Nan Bib la peche vle di nou twonpe wout, epi  
nou twonpe kote nou vle rive. Moun ki fè sa ki  
pa kòrèk, li nan peche paske li twonpe wout ki  
kondi nan lavi Bondye a. Konsa li p ap janm  
kapab rive nan Peyi kote Bondye Wa a. Si nou  
kite Levanjil la fòme kè nou, nou kapab fè  
legoyis tounen lanmou.

Kilti nou se tankou yon vant manman pou nou  
tou. Fòk nou kite Levanjil la chanje kilti nou, fè  
l vin pi bon, pou nou kapab tounen pèp Bondye  
toutbon. Si nou pa fè sa, l ap difisil anpil pou  
pèp la chanje lavi li, paske enjistis, egois ak vy-  
lans fin pran tout espas la epi kè poze vin tounen  
yon bagay ki enposib nèt.

**12,4-7**: Fason Pòl pale de kominote kreyen  
an fè nou konprann Legliz pa t òganize jan li ye  
jounen jodi a. Nan Legliz premye tan yo, tout  
bagay pa t depann de pè yo. Kominate a te gen  
yon konsèy Ansyen, apot yo te apwouve. Te gen  
respè youn pou lòt, espesyalman pou pwofèt yo.  
Pòl te konprann lavi anndan Legliz la konsa. Li fè  
konnen chak moun gen wòl espesyal pa yo, y ap  
ranpli nan Legliz la. Kominate a te konnen li  
kapab konte sou kado Lespri Sen an bay chak  
manm li, epitou, ministè ak sèvis manm sa yo fè  
nan Legliz, yo konsidere yo kòm kado Bondye.  
Pandan listwa ap dewoule, Legliz te dwe toujou  
ap ranje chapant li dapre jan Jezi vle, epi adapte  
l ak reyalite sosyal tounèf yo, ak devlopman kil-  
tirèl yo.

## WOMEN 12-13

Moun k ap separe bay, se pou li bay ak tout kè li. Moun k ap dirije a, se pou li serye nan sa l ap fè a. Moun ki gen kè sansib pou lòt, se pou li fè l ak kè kontan. <sup>9</sup> Se pou nou renmen san nou pa fè ipokrit. Rayi sa ki mal, kole kò nou sou sa ki bon. <sup>10</sup> Se pou youn renmen lòt tankou frè. Nan respè youn pou lòt, bay lòt yo plis valè pase pwòp tèt pa w.

<sup>Kol 4,2</sup> <sup>11</sup> Nan devouman, pa fè parese, se pou lespri nou cho nan fè sèvis Granmèt la.

<sup>Ef 6,18; 1Pye 4,9</sup> <sup>12</sup> Se pou kè nou kontan poutèt lespwa. Sipòte tray ak kouraj, kenbe fèm nan lapriyè. <sup>13</sup> Ede moun ki sen yo nan bezwen yo genyen. Fè tout posib nou pou resevwa etranje lakay nou. <sup>14</sup> Beni moun k ap pèsekite nou. Beni yo, pa bay madichon. <sup>15</sup> Fè kè nou kontan ak moun ki nan kè kontan. Kriye ak moun k ap kriye. <sup>16</sup> Se pou nou gen menm santiman youn pou lòt. Pa kite gran lide monte tèt nou, men se pou nou kole kò nou bò kote moun ki gen kè senp. «*Pa fè tèt nou pase pou moun lespri.*» <sup>17</sup> Pinga nou renmèt pèsonn

<sup>Mt 5,38; 1Kor 12,26</sup>

<sup>Pwy 3,7</sup>

<sup>1Tes 5,15; 1Pye 3,9</sup>

**12,8-15 :** Pòl te gen yon lide ki te ba l tèt chaje : kouman kretyen yo ki nan kominote yo kapab byen viv, nan tèt ansanm youn ak lòt. Nou pa kapab blyie li t ap ekri lèt sa a nan kominote Korent, yon kominote ki te nan chire pit akòz gwo pwoblèm kretyen yo te genyen youn ak lòt. Men tèt ansanm lan se te gwo pwoblèm pou Legliz sa a ki te jèn, ki te fèt ak moun ki sòti nan divès peyi, divès pèp, divès kouch sosyal. Vèsè sa yo prezante yon pwogram lavi kretyen. Pòl montre konpòtman ak dispozisyon ki dwe gen anndan kè chak moun ki nan yon kominote, pou kominote a mache byen, kouman nou kapab viv rapò moun ak moun anndan yon kominote kretyen. Chak kretyen se pa yon manm k ap viv pou tèt li, nan kò Jezi Kri a. Chak kretyen se yon manm vivan nan yon kominote vivan.

**12,18-21 :** Apot la vle pou tout moun reponn kesyon sa a : Si Bondye renmen nou gratis, kouman nou kapab reponn renmen Bondye ban nou an ? Fòk nou reponn li nan renmen youn lòt menm jan Jezi renmen nou. Paske Bondye rete nan mitan moun ki fè yon sèl kò : kò Jezi Kri. Fòk nou renmen moun parèy nou yo ki manm kò Jezi Kri.

Se pou nou kite bèl Pawòl sa yo antre nan kè nou pou nou kapab chanje Legliz nou an ak sosyete nou an jounen jodi a.

**13,1-3 :** Pòl te ekri lèt sa a nan lane 57 osinon 58. Lè sa a, Newon te lanprè lavil Wòm, men li

mal pou mal. «*Se pou nou chèche fè sa ki byen nan je tout moun.*» <sup>18</sup> Fè tout posib nou, nan mezi nou kapab, pou nou viv anpè ak tout moun. <sup>19</sup> Pa tire revanch nou, nou menm, mwen renmen an, men kite kòlè a fè travay li. Paske men sa ki ekri : «*Tire revanch se afè pa m, se mwen ki va ba yo sa yo merite,*» se Granmèt la ki di sa. <sup>20</sup> Okontrè «*si lènmi w grangou, ba li manje. Si li swaf, ba l bwè. Reyèlman vre, lè w fè sa se pil chabon dife w ap ranmase mete anlè tèt li.*» <sup>21</sup> Pa kite sa ki mal la pran pye sou ou, men kraze sa ki mal la antan w ap fè sa ki byen.

<sup>Eb 12,14</sup>

<sup>Lev 19,18; Dtw 32,35; Eb 10,30</sup>

<sup>Pwy 25, 21-22</sup>

### Relasyon ak otorite leta

**13** <sup>1</sup> Tout moun dwe soumèt devan gwo otorite yo. Reyèlman vre, nanpwen otorite ki pa sòti nan Bondye. Sa ki la yo menm se Bondye ki mete yo. <sup>2</sup> Poutèt sa, moun k ap kenbe tèt ak otorite a, se kont lòd Bondye mete li reziste. Moun ki reziste konsa, y ap jwenn kondanasyon yo. <sup>3</sup> Chèf yo pa la

<sup>Jn 19,11; Mt 22,16; 1Tm 2,1; 1Pye 2,13; Tit 3,1; Pwy 8,15</sup>

pa t ko kòmanse pèsekite kretyen yo. Nan bann pèsekisyon ki te deklannhe nan lane 64 la, li te fè Pyè ak Pòl pase mati.

Gen divès esplikasyon moun yo bay vèsè 1 sa a :

– Gen moun save yo ki di se pa Pòl ki te ekri vèsè sa a.

– Gen lòt ki di se Pòl ki te ekri l, men li pa t vle pou otorite moun Wòm yo te mete Jwif yo ak kretyen ki jwif yo deyò, jan lanprè Klod te fè nan lane 49 (Al gade Travay Apot yo 18,1-2).

– Gen moun ki di Pòl pa t vle Zelòt yo (yon pati Jwif ki te chwazi aji ak vyolans kont moun Wòm yo) pran tèt kretyen yo pou fè yo revòlte kont moun Wòm yo, jan sa te fèt nan lane 66, nan Jerizalèm.

Si otorite yo lejitim epi yo mache dwat, kretyen an gen obligasyon vin tounen yon bon sitwayen. Yon kretyen pa gen dwa melanje politik ak reliyion nenpòt ki jan. Li kapab viv kòm kretyen anba nenpòt ki kalite otorite, kit li kretyen kit li pa kretyen, depi se yon otorite ki mache dwat, ki lejitim epi ki kòrèk. Menm jan tou, yon otorite kretyen pa gen dwa mete moun sou kote paske yo pa kretyen. Nan sosyete Pòl t ap viv la, anpil moun te sèvi ak reliyion pou chape anba reskonsabilite fanmi yo ak devwa sosyal yo. Poutèt sa, Pòl pral ensiste sou obeyisans sivik, nan kad yon sosyete ki te byen lwen demokrasi n ap ese耶 viv jounen jodi a.

Anpil fwa rejim otorité nan tan lontan yo te konn sèvi mal' ak vèsè sa a pou mete pwòp

## WOMEN 13-14

pou moun pè yo poutèt yon bon zèv, men okontré pou yon move zèv. Ou vle pa pè otorite a ? Fè sa ki byen, epi w ap jwenn lwanj nan men l. <sup>4</sup>Reyèlman vre, se sèvitè Bondye li ye pou byen w. Men si w ap fè sa ki mal, ou mèt pè, paske se pa pou anyen li pote zam. Li se sèvitè Bondye. Li fè wè kòlè a, lè li pini sila k ap fè sa ki mal la. <sup>5</sup>Konsa nou dwe obeyi, pa sèlman poutèt kòlè a, men poutèt konsyans nou tou. <sup>6</sup>Se pou rezon sa a tou nou peye enpo. Anplwaye sa yo se sèvitè Bondye yo ye pou travay sa a menm. <sup>7</sup>Bay tout moun sa nou dwe ba yo. Enpo pou moun k ap touche enpo a. Taks pou moun k ap ranmase lajan taks la. Krentif pou moun nou dwe gen krentif, respè pou moun nou dwe respekte.

**Youn renmen lòt**

<sup>Jn 13,34; Kol 3,14</sup> <sup>8</sup>Pa dwe pèsonn anyen, sòf renmen youn dwe renmen lòt. Paske moun ki renmen pwochen l, fè tou sa Lalwa mande. <sup>9</sup>Wi se vre kòmandman ki di <sup>Lev 19,18; 20, 13-17; Dtw 5, 17-21</sup> « *Ou p ap fè adiltè, ou p ap touye, ou p ap vòlè, ou p ap anvi afè moun* », ak nenpòt ki lòt kòmandman ki ta genyen, yo tout fè youn nan sèl gress pawòl sa a : Se pou w renmen pwochen

Lalwa yo ak vyolans, epi chache fè tout moun obeyi yo kòmsi se Bondye menm ki te voye yo mete pye sou lòt pèp epi kòmsi se sèvis yo rann pèp la. Jis jounen jodi a, yo kontinye swiv mal vèsè sa a nan anpil peyi.

Anpil fwa, Legliz fè nou sonje, pa gen otorite ki kapab wete dwa yon moun genyen ni kòm moun, ni kòm sitwayen, epi tout moun dwe reflechi anvan yo chwazi moun nan elekson, pou yo kapab pran moun ki mache dwat, ki kòrèk epi ki vle sèvi pèp la toutbon, mete yo sou pouwwa.

**13,5-8 :** (Matye 22,21) Lè otorite yo egzije yon bagay ki ale kont laverite, jistis ak renmen, kretyen an pa dwe dakò, menmsi li gen pou soufri pou sa. Pi fò moun ki te mouri mati, Legliz ap fè lwanj jounen jodi a, te sibi kondanasyon nan tan pa yo, kòm moun k ap simen latwoublay, ki kanpe kòm lènmi lòd sosyal la paske yo renmen lòd Bondye plis pase lòd moun yo (Travay 4,19).

Pòl montre nou lè nou bon sitwayen, nou reyalize kòmandman yo, epi nou renmen frè ak sè nou yo. Li pa vle kretyen yo gen dét pou

w tankou tèt pa w. <sup>10</sup>Renmen, pa fè pwochen sa ki mal. Konsa renmen se tout Lalwa a.

<sup>1Kor 13,4; Mt 19,18</sup>

**Lè a rive pou nou leve nan dòmi**

<sup>11</sup>Sitou, nou konnen tan n ap viv la. Lè a déjà rive pou nou leve sòti nan dòmi, paske kounye a delivrans lan pi pre nou pase lè nou te fèk kwè a.

<sup>12</sup>Lannwit la vanse, bajou kase. Konsa, an nou sispann fè zèv fènwa yo, men an nou abiye nou ak zam limyè a.

<sup>Ef 5,8; 1Tes 5,4; 1Kor 7,26</sup>

<sup>13</sup>Tankou gwo lajounen, se pou nou gen yon kondwit respektab, san nou pa ni nan banbòch, ni nan bweson, ni nan move plezi, ni nan dezòd, ni nan fè kont, ni nan jalouzi. <sup>14</sup>Okontré, abiye nou ak Granmèt Jezi Kri, epi pa kite anvi ki nan kò a, mennen nou kote li vle.

**Moun ki gen fòs ak moun ki fèb**

**14** <sup>1</sup>Se pou nou byen resevwa moun ki fèb nan lafwa a, san nou pa bezwen diskite sou lide li yo. <sup>2</sup>Gen yon moun ki kwè li kapab manje tout manje, gen yon lòt ki fèb, se legitim sèlman li manje. <sup>3</sup>Sila k ap manje a, pa dwe meprize moun ki pa manje a. Ni sila ki pa manje a, pa dwe kondane moun k ap manje a, paske Bondye

<sup>1Kor 10,25</sup>

moun. Yon sèl dét kretyen yo gen dwa genyen, se dét youn renmen lòt, yon dét nou pa janm fin peye. Moun ki renmen pwochen li yo toutbon, se li ki pi bon sitwayen.

**13,11-14 :** Pandan trant premye lane Legliz la, tout moun t ap tann Jezi t ap tounen san pèdi tan. Pi devan, lè li te vin aklè listwa ap kontinye vanse, Legliz te mande pou chak moun travay pou rive nan dènye jou kote tout moun va ran-kontre ak Jezi. Tan delivrans la se yon chans ak yon ijans tou. Lafwa kretyen yo se yon fòs, ki pouse tout sosyete al pi devan, pou patisiye nan viktwa jou Granmèt la. Jou sa a te kòmanse ak leve Jezi byen vivan an pamì mò yo. Fòk nou reveye, bliye zak fènwa yo, fè zèv moun limyè (Izayi 52,1), pare tèt nou pou batay la.

**14,1-6 :** Pòl pran tan pou li pale sou yon pwoblèm reyèl kretyen yo te genyen. Kretyen Wòm yo, se sitou nan mitan pèp etranje yo te sòti, men te gen kretyen jwif tou. Kretyen jwif yo pa t kapab bandonne ansyen koutim yo, yon sèl kou. Si Jwif yo te konn pito manje manje espesyal, pèp etranje yo ki pa gen pwoblèm ak



## WOMEN 14

<sup>Jk 4,11;  
Mt 7,1</sup> aksepte I. <sup>4</sup>Ou menm, kisa w ye pou w ap jije sèvitè lòt moun? Si li kanpe, oswa si li tonbe, se pwòp mèt li sa gade. Men I ap rete kanpe, paske Granmèt la gen pouvwa pou fè I kanpe.

<sup>Gal  
4,10;  
Kol 2,16</sup> <sup>5</sup>Gen moun ki pito tèl jou pase tèl lòt jou, gen lòt moun ki wè tout jou se menm. Se pou chak moun kenbe

<sup>1Kor  
10,30;  
1Tm  
4,4</sup> pwòp konviksyon pa I. <sup>6</sup>Sila a ki sansib pou tèl jou, se pou Granmèt la li sansib. Sila a ki manje a, se pou Granmèt la li manje, paske li di Bondye mèsi. Epi moun ki pa manje a, se pou Granmèt la li pa manje, li menm tou li di Bondye mèsi. <sup>7</sup>Reyèlman vre, pèsonn nan nou p ap viv pou pwòp tèt pa I, ni pèsonn p ap mouri pou pwòp tèt pa I tou.

<sup>1Kor  
3,23;  
2Kor  
5,15</sup> <sup>8</sup>Paske si n ap viv, se pou Granmèt la n ap viv. Si nou mouri se pou Granmèt la nou mouri. Kit n ap viv, kit nou mouri, se pou Granmèt la nou ye. <sup>9</sup>Se pou sa menm Kris la mouri, epi li leve byen vivan, pou li te kapab Granmèt ni moun mouri yo, ni moun vivan yo. <sup>10</sup>Ou menm, pou kisa w ap kondane frè w la? Osinon pouki sa w ap meprize frè w la? Reyèlman vre, nou tout nou gen pou nou parèt devan tribinal Bondye a.

<sup>Iz  
45,23</sup> <sup>11</sup>Paske men sa ki ekri: «*Granmèt la di: Mwen fè*

manje a, yo vin konplike pwoblèm nan. Si Jwif te vle kontinye respekte saba a, gen lòt moun ki gen lòt jou pa yo.

Nan premye kominate yo, te gen moun ki dyanm nan lafwa ak moun ki fèb. Moun ki gen tout libète nan lespri yo, ak moun ki pa t ko jwenn libète yo. Moun ki fèb yo gen dout, yo bite anpil sou kesyon manje a, sou kesyon jou yo, yo pè anpil, yo pa gen libète. Pòl ba yo yon prensip pou yo kapab viv byen ansanm: «*Se pou nou akeyi moun ki pi fèb yo nan lafwa.*»

Libète kreyen an, li toujou nan sèvis lanmou. Konsa moun ki pi fèb yo, ap dekouvi yo dwe vanse nan libète konsyans yo tou. Nou kapab di prensip sa a li bon, pou Legliz respekte kilti pèp yo antan I ap fè travay evanjelizasyon an. Diferans kiltirèl se yon richès. Pa gen yon sèl kilti ki bon epi lòt yo pa bon. Moun ki di gen yon sèl kilti ki bon, li derespekte sa Bondye te kreye.

**14,7-9:** Kounye a, Pòl kite konsèy li pran lapriyè. Se kòmsi li envite kreyen yo lapriyè ansanm ak yon bèl kantik premye kominate kreyen yo te konn chante nan litij a. Nan lavi yon

sèman sou lavi m, tout moun ap mete ajenou devan m epi tout lang ap fè lwanj pou Bondye. » <sup>12</sup>Se konsa, nou chak n ap gen pou nou fè règleman ak Bondye pou pwòp tèt pa nou.

<sup>13</sup>An nou youn pa kontinye ap kondane lòt. Men gade pito pou nou pa mete anyen ki pou fè frè a bite, oswa tonbe. <sup>14</sup>Mwen konnen, epi mwen sèten, nan Granmèt Jezi nanpwen anyen ki sal nan li menm menm, sòf pou sila a ki mete nan tèt li bagay la sal, lè sa a li vin sal pou li. <sup>15</sup>Konsa si poutèt yon manje ou fè frè a lapenn, ou pa mache dapre renmen an ankò. Pinga akòz manje w la, ou fè sila a Kris la te mouri pou li a, peri. <sup>16</sup>Pinga byen ou fè a sèvi okazyon pou yo pale mal. <sup>17</sup>Reyèlman vre, Peyi kote Bondye Wa a se pa yon afè manje ak bwè, men se lavi kòrèk, kè poze ak kè kontan nan Lespri Sen an. <sup>18</sup>Moun k ap sèvi Kris la konsa, li fè Bondye plezi epi moun yo dakò ak li.

<sup>19</sup>Poutèt sa, an nou chèche sa k ap pote kè poze, ak sa k ap fè youn ede lòt vanse. <sup>20</sup>Pa kraze travay Bondye a poutèt yon afè manje. Se vre tout bagay pwòp, men manje a se yon mal pou moun ki, lè I ap manje, lakòz yon lòt tonbe. <sup>21</sup>Li bon pou w pa manje

<sup>Mt  
15,11;  
T Ap  
10,15</sup>

<sup>Gal  
5,22;  
1Tes 1,6</sup>

<sup>1Kor  
7,15;  
14,26</sup>

<sup>1Kor  
8,13</sup>

kreyen, se sèl Jezi Granmèt la ki enpòtan. Kit nan lavi, kit nan lanmò, se sèl li ki gen valè pou nou. Poutèt sa, lòd renmen ak respè se rasin kominate kreyen an.

Paske Jezi Kri ki mouri epi leve byen vivan an se Granmèt la, se sèl li ki gen pou I di denyè mo a.

**14,10-13:** Pwoblèm kreyen yo te gen an se youn ki t ap kritike lòt, jije lòt. Se sa ki te mete tèt ansanm ak kè poze kominate a an danje.

Apre sa Pòl fè yo sonje Izayi 45,23, epi li wè kominate kreyen ajenou. Se sèl konpòtman ki fè tout moun egalego, kote tout moun depase sa ki kapab fè divizyon grandi nan mitan yo: *Yo tout ajenou devan Granmèt la epi y ap fè lwanj pou Bondye.* Ki moun ki ajenou devan sèl Jij nou genyen an, epi ki kapab jije frè ak sè parèy li yo?

**14,14-21:** Pòl fè nou sonje sa Jezi te preche (Mak 7,19): *Pa gen ni manje, ni bwason moun pa kapab pran.* Peyi kote Bondye Wa a se pa yon zafè manje ak bwason, se jistis, kè poze ak sa ki fè lòt yo vanse nan lafwa yo. Pataje lafwa a annan kominate a vle di respekte lafwa lòt yo genyen.



## WOMEN 14–15

vyann, pa bwè diven, pa fè anyen ki kapab lakòz frè w la bite. <sup>22</sup>Ou menm, lafwa w genyen an, kenbe l pou ou devan Bondye. Se chans pou yon moun ki pa kondane tèt li nan sa li dakò ak li. <sup>23</sup>Men moun ki fè doutans, epi ki manje kanmenm, moun sa a fin kondane, paske sa pa sòti nan lafwa. Tou sa ki pa sòti nan lafwa, se peche.

**15** <sup>Sòm 69,10</sup> <sup>1Kor 10,11; 2Tm 3,16; 1Mkb 12,9</sup> <sup>Fip 2,2</sup> <sup>1Nou menm ki gen fòs yo, nou dwe pote feblès sila yo ki pa gen fòs yo, san nou pa chèche fè pwòp tèt nou plezi. <sup>2</sup>Se pou nou chak chèche fè pwochen l plezi, pou byen l, pou ede l vanse. <sup>3</sup>Reyèlman vre, Kris la pa t chèche fè tèt li plezi, men jan sa ekri «*jouman moun ki t ap joure w yo, tonbe sou mwen.*» <sup>4</sup>Tou sa ki te ekri yo, se te pou montre nou anpil bagay yo te ekri yo, pou nou jwenn lespwa nan kenbe fèm, ak nan ankourajman Liv yo ban nou. <sup>5</sup>Se pou Bondye ki fè nou kenbe fèm lan, epi ki ban nou ankourajman an, fè nou gen yon sèl lide nou tout ansanm, dapre modèl Kris Jezi: <sup>6</sup>konsa n a bay glwa pou Bondye Papa, Granmèt nou Jezi Kri ak yon sèl kè epi yon sèl bouch.</sup>

<sup>7</sup>Poutèt sa se pou youn aksepte lòt, menm jan Kris la te aksepte nou an pou glwa Bondye a. <sup>8</sup>Reyèlman vre, mwen mèt di: Kris la te tounen sèvitè moun yo fè sikonsizyon pou yo a, pou

**14,22-23 :** Sa se yon deklarasyon enpòtan sou libète konsyans, anpil moun konn rive blyie. Sèlman fòk nou fòme konsyans nou, ki fasil pou glise nan erè. Pou nou kapab viv nan libète fòk nou fòme konsyans nou byen ak meditasyon sou Bib la, nan bon lekti, nan bon jan fòmasyon, nan chita pale ak moun ki gen lespri, paske Lespri Sen an fè travay li nan nou chak, nan chak kominote epi nan Legliz la.

**15,1-7 :** Pou nou pataje lafwa a ansamm, fòk nou pataje feblès sila ki pa fò yo. Men, kouman n ap fè pou n viv byen ansanm, chak jou, nan chak kominote, pou youn chaje feblès lòt yo sou do l? Ki fòs nou gen pou n kapab fè sa? Pòl reponn nou: *Fòs nou se pran Kris la kòm egzanp.*

**15,8-13 :** Lafwa nan Jezi Kri se kle ki louvri pòt Pawòl Bondye a, pou nou konprann sans li tout-

montre jan Bondye kenbe pawòl li, pou reyalize pwomès Bondye te fè zansèt yo. <sup>9</sup>Bò kote pa yo, pèp etranje yo bay Bondye glwa, pou jan li gen kè sansib, jan sa te ekri: «*Se poutèt sa m ap fè lwanj ou nan mitan pèp etranje yo, epi m ap chante kantik pou Non w.*» <sup>10</sup>Yon lòt kote li di ankò: «*Pèp etranje yo, fè kè nou kontan ansanm ak pèp li a.*»

<sup>11</sup>Yon lòt kote ankò: «*Tout pèp etranje yo, fè lwanj pou Granmèt la. Wi se pou tout pèp chante lwanj li.*» <sup>12</sup>Izayi di toujou: «*Rasin Jese a va parèt, li menm k ap leve pou li kòmande pèp etranje yo. Se sou li pèp etranje yo va mete lespwa yo.*» <sup>13</sup>Se pou Bondye ki bay lespwa, plen nou ak anpil kè kontan, ak kè poze, nan kwè nou kwè a, pou nou plen nèt ak lespwa, grasa pouvwa Lespri Sen an.

**Sèvis Pòl bò kote pèp etranje yo**

<sup>14</sup>Frè m yo, mwen menm, mwen sèten pou sa ki gade nou, nou plen bon santiman, nou plen tout kalite kone-sans, youn kapab bay lòt bon konsèy. <sup>15</sup>Men gen kote mwen pèmèt mwen ekri nou pou rafrechi memwa nou, poutèt favè Bondye te fè mwen an, <sup>16</sup>pou mwen sèvitè Kris Jezi kote pèp etranje yo, pou mwen yon prêt, k ap sèvi Bon Nouvèl Bondye a, dekwa pou ofri pèp etranje yo bay Bondye, tankou yon kado k ap fè kè l kontan, epi ki sen

<sup>Sòm 18,50</sup>

<sup>Dtw 32,43  
(LXX)</sup>

<sup>Sòm 117,1</sup>

<sup>Iz 11,10</sup>

<sup>1,9;  
12,1;  
Fip 2,17</sup>

bon vre: Bondye kè sansib la vle pou tout moun ki sou latè beni jwenn piyay lavi nan Jezi Kri. Konsa Pòl fini lèt sa a ak plizyè vèsè ki sòti nan Bib la: Liv Lalwa a (Detewonòm 32,43), Pwofèt yo (Izayi 11,10) ak lòt Liv yo (Sòm 18,50).

Reyèlman vre, Pòl wè nenpòt ki pèp kapab jwenn kle pou yo konprann pwòp reliyon ak chemen listwa pa yo, nan Jezi Kri.

**15,14-16 :** Pòl aji ak anpil respè. Menm si li te gen otorite kòm apot Jezi, li te fè atansyon anpil pou l pa t lakòz divizyon nan mitan kominote Wòm nan. Epi l montre gwo respè l genyen pou fondatè ak reskonsab kominote yo.

Pòl konpare tèt li ak yon prêt k ap pote yon ofrann bay Bondye. Ofrann pa l la, se kretyen pèp etranje yo li rekonsilye ak Bondye grasa Bon Nouvèl la li te anonse yo. Ala yon bèl kalite litiji tounèf apot yo te ofri bay Bondye!



## WOMEN 15

grasa Lespri Sen an. <sup>17</sup>Konsa, mwen gen rezon, pou mwen vante tèt mwen nan Kris Jezi, pou travay Bondye a. <sup>18</sup>Mwen pa ta pèmèt mwen pale sou anyen Kris la pa ta fè ak mwen, pou pèp etranje yo vin obeyi l, ni nan pawòl ni nan zèv, <sup>19</sup>ak nan fè mirak, fè mèvèy grasa pouvwa Lespri a. Konsa depi Jerizalèm vire won jis rive lliri, mwen fin anonse Bon Nouvèl Kris la nèt. <sup>20</sup>Sèlman, lanvi mwen se te pou m anonse Bon Nouvèl la kote yo pa t ko konnen non Kris la, dekwa pou mwen pa bati sou fondasyon lòt moun te mete. <sup>21</sup>Men jan sa ekri: « *Moun yo pat bay nouvèl li yo, ap wè. Sa ki pa t tandem pale sou li yo, ap konprann.* »

### Pòl anvi al Wòm

<sup>22</sup>Pou rezon sa a tou, mwen te kontrarye anpil fwa pou mwen rive jis kote nou. <sup>23</sup>Men kounye a, mwen pa gen kote pou m ale ankò nan zòn sa yo, epi m anvi vin lakay nou depi anpil lane. <sup>24</sup>Lè m pral an Espay, m espere wè nou an pasan m, pou nou ban mwen yon koutmen pou m al laba a. Men m a fin

**15,17-23 :** Pòl gen konviksyon travay li t ap fè a se travay Jezi Kri a. *Depi Jerizalèm rive nan lliri*, kidon peyi Palestin, peyi Lazi Minè ak Lewòp yo, li te ale toupatou kòm mesaje Jezi Kri. Moso sa a fini ak yon lapriyè kote Pòl rezime tout kado delivrans lan pote epi ki deja preznan lavi kominote kretyen yo: kè poze, lafwa ak lespta. Tou sa, se grasa pouvwa Lespri Sen an.

Pòl pa vle deranje travay lòt moun te gen tan fè. Li te soufri anpil akòz lòt predikatè ki te ale nan kominote li te fonde yo, pou bay moun yo pwoblèm, pou simen latwoublay nan mitan yo. Li pa vle fè menm jan ak yo. Kounye a, li wè travay li te gen pou l fè nan tout peyi sa yo fini. Li gen misyon pou pote Bon Nouvèl la bay lòt pèp ki pa t ko tandem l.

**15,24 :** Nan epòk sa a, ale nan peyi Espay vle di ale pi lwen pase Wòm, yo te rekonèt kòm sant tout peyi sou tè a. Sa ban nou yon lide jan Pòl te cho pou l fè Levanjil la rive nan dènyè raken tè a. Li vle kreye kominote tounèf pou tout moun, menm lè li te konnen sa li te fenk fonde yo pa t san defo. Nan tan pa nou an, misyon an se pa ale pi lwen pase Wòm, oswa lòtbo lanmè, men chak kominote kretyen dwe pote Bon Nouvèl Jezi ki leve byen vivan an bay tout moun ki pa t ko konnen l, oswa ki pa ba l enpòtans epi kore l ak fason yo menm yo viv li. Lè sa a, petèt,

pase kèk bon moman nan mitan nou anvan. <sup>25</sup>Kounye a menm, mwen pral Jerizalèm, pou mwen rann moun ki sen yo, yon sèvis. <sup>26</sup>Moun Masedwàn yo ak moun Akaya yo te wè li bon pou yo mete ansanm nan ede moun ki pòv nan mitan moun ki sen yo nan Jerizalèm. <sup>27</sup>Se vre, yo wè li bon, men yo dwe yo sa tou. Paske si pèp etranje yo jwenn nan byen Lespri a te ba yo a, fòk yo sèvi yo ak byen materyèl pa yo. <sup>28</sup>Konsa kou mwen fin regle sa, lè m ap fin renmèt komisyon an nan men yo, mwen pral an Espay an pasan lakay nou. <sup>29</sup>Mwen konnen, vini m ap vini lakay nou, se ak yon chay benediksyon Kris la m ap vini.

T Ap  
19,21;  
2Kor  
8—9;  
Gal  
2,10

1Kor  
9,11;  
Gal 6,6

<sup>30</sup>Frè m yo, men mwen mande nou, poutèt Granmèt nou Jezi Kri, epi poutèt renmen Lespri a bay, tanpri goumen ansanm ak mwen nan lapriyè n ap fè pou mwen devan Bondye, <sup>31</sup>pou mwen chape anba men moun ki pa kwè yo nan peyi Jide, epitou pou moun ki sen yo, kapab byen resevwa sekou m ap pote Jerizalèm nan. <sup>32</sup>Konsa, m ap rive lakay nou ak kè kontan, epi si Bondye

yo pral dekouvrir kantite moun ki t ap viv bò kote l, men ki pa t ko resevwa Bon Nouvèl la, ki pa t ko viv nan yon kominote frè ak sè, ki pa t ko jwenn Pawòl Bondye a pou bay lavi yo sans.

**15,25-29 :** Pòl te deja fè yon gwo kète nan mitan tout kominote pèp etranje yo pou ede kominote Jerizalèm nan. Li te espere jès sa a ta pral ranfòse relasyon ant kretyen ki sòti nan ras grèk ak kretyen jwif yo. Premye kominote kretyen yo te konnen sa solidarite vle di.

**15,30-33 :** Pòl mande kretyen Wòm yo lapriyè pou moun Jerizalèm resevwa li byen lè li pote fwi kète la ba yo. Vizit Pòl te prevwa rann kominote Wòm nan ta yon etap nan yon vwayaj byen long, pou pote Bon Nouvèl la nan yon rejyon ki pa t ko janm tandem l. Li espere pran yon ti repo nan mitan kretyen Wòm yo, epi li konte sou konkou yo pou l reyalize vwayaj long li a (15,24).

Se pou nou gade jan Bondye pa kite Pòl reyalize tout aktivite li te vle fè yo: li byen posib pou vwayaj Espay la pa t janm rive fèt. Lè l te ale Wòm, li te ale kòm prizonye, li te ale pou l parèt devan Seza, li pa t al rann kominote a yon ti vizit. Ti repo li te vle pran an, se ak bra li anchennen ak bra yon sòlda women ki t ap veye l toutan (Travay 28, 16).



## WOMEN 15–16

vle, m ap pran yon ti repo antan mwen  
<sup>2 Kor  
13,11;  
Flp 4,9</sup>  
 ansanm ak nou. <sup>33</sup>Se pou Bondye kè  
 poze a ak nou tout. Amèn.

<sup>T Ap  
18,18</sup> **16** <sup>1</sup>Mwen rekòmande nou Fèbe, sè  
 nou an, k ap sèvi nan legliz ki  
 Senkre a. <sup>2</sup>Resewwa li, nan non Gran  
 mèt la, fason moun ki sen yo konn fè  
 sa. Ede li nan nенpòt sa li ta bezwen  
 nan men nou, paske li te ede anpil  
 moun, ni mwen menm tou.

<sup>T Ap  
18,2;  
18,26</sup> <sup>3</sup>Di Priska ak Akila ki t ap travay  
 ansanm ak mwen nan Kris Jezi, bonjou  
<sup>4</sup>Yo te riske pwòp lavi yo pou sove lavi  
 pa m. Se pa mwen sèlman ki di mèsi,  
 men tout legliz pèp etranje yo tou.

<sup>5</sup>Di Legliz la ki reyini lakay yo a,  
 bonjou tou.

Di Epenèt bonjou, se pa ti renmen  
 mwen renmen l. Li se premye fwi Lazi  
 donnen pou Kris la.

<sup>6</sup>Di Mari ki fatige kè l anpil pou nou,  
 bonjou.

<sup>7</sup>Di Andwonik ak Jini, fanmi m yo,  
 ki te nan prizon ansanm ak mwen yo,  
 bonjou. Yo menm, yo konsidere yo  
 anpil nan mitan apot yo. Epi yo te nan  
 Kris la anvan m tou.

<sup>8</sup>Di Anpliyatis mwen renmen anpil  
 la nan Granmèt la, bonjou.

<sup>9</sup>Di Iben, asosye nou nan sèvis Kris  
 la, bonjou, epi Estakis mwen renmen  
 anpil la.

<sup>10</sup>Di Apèl ki te bay prèv lafwa li nan

Kris la, bonjou. Di moun lakay Aristobil  
 yo, bonjou.

<sup>11</sup>Di Ewodyòn bonjou, se fanmi m li  
 ye. Di moun lakay Nasis yo k ap viv  
 nan Granmèt la, bonjou.

<sup>12</sup>Di Trifèn ak Trifòz k ap redi travay  
 pou Granmèt la, bonjou. Di Pèsis  
 mwen renmen anpil la tou, bonjou. Li  
 te fatige kè l anpil pou Granmèt la.

<sup>13</sup>Di Rifis, Bondye chwazi nan sèvis  
 Granmèt la, bonjou, epi manman li ki  
<sup>Mk  
15,21</sup>  
 yon manman pou mwen tou.

<sup>14</sup>Di Asinkrit, Flegon, Èmès, Patro  
 bas, Èmas, ni frè ki ak yo a, bonjou.

<sup>15</sup>Di Filològ ak Jili, Nere ak sè li a,  
 Olinpas ak tout sen yo ki ansanm ak  
 yo, bonjou. <sup>16</sup>Se pou nou youn salye  
 lòt pou mwen ak yon bo nan jan moun  
 ki sen yo konn fè a. Tout Legliz Kris yo  
 di nou bonjou.

<sup>17</sup>Frè m yo, mwen mande nou veye  
 moun k ap mete divizyon ak antrav, ki  
 pa dakò ak sa nou te aprann nan tou  
 sa yo te montre nou an. Tanpri evite  
 yo. <sup>18</sup>Kalite moun sa yo se pa Kris  
<sup>Fp 3,19</sup>  
 Granmèt nou y ap sèvi, men pwòp vant  
 pa yo. Ak bèl diskou, ak pawòl dous y  
 ap twonpe moun ki gen kè yo senp.

<sup>19</sup>Se vre, tout moun konnen jan nou  
 obeyisan. Mwen byen kontan ak nou.  
 Men, mwen ta renmen nou gen bon  
 konprann pou fè sa ki byen, epi nou pa  
 mele ditou nan fè sa ki mal. <sup>20</sup>Bondye  
<sup>1,8;  
1Kor  
14,21</sup>  
 kè poze a pral kraze Satan anba pye

<sup>Tit  
1,10;  
3,10</sup>

<sup>Jen  
3,15</sup>

<sup>Fp 4,9;  
Jen  
3,15</sup>

li ye. Li sonje zanmi li yo ak kè sansib, ak anpil  
 renmen. Epitou lis moun sa yo pèmèt nou kon  
 nen kouman kominote yo te travay, kouman yo  
 te òganize yo, kouman fanm kou gason te gen  
 wòl pa yo anndan Legliz la.

**Fèbe** se dyak fi li ye. Sanble li te gen gwo oto  
 rite nan Senkre a. Nou wè gen gason ak fi. Li bon  
 pou nou montre plas medam yo genyen nan  
 Legliz Wòm lan. Gen anpil posiblite pou se li  
 menm ki te pote lèt sa a bay kominote a (16,1-2).

**Priska** (yo rele I Presil tou) madanm Akila. Yo  
 nonmen non li an premye. Yo te riske lavi yo  
 pou Pòl.

**Mari** yon fi ki travay anpil (16,6);  
**Jini** se yon fi ki apot, epi yo konsidere l anpil,  
 sa vle di ki gen gwo otorite (16,7);

**Trifèn ak Trifoz** travay anpil, epi gen **Pèsis** yon  
 fi Pòl renmen anpil. (16,12);

**16,1-16:** Voye anpil bonjou ak mesaj sa yo, fè  
 nou wè ki lavi ki te gen nan premye kominote  
 yo, ak Legliz yo ki te reyini nan kay moun yo.

Mo Legliz la sòti nan yon mo nan lang grèk  
 «ekklesia» ki vle di gwoup moun yo envite, pou  
 reyini ansanm. Nan langaj epòk sa a, mo sa a fè  
 nou sonje yon pakèt sitwayen lib yo konvoke.  
 Kretyen yo te konprann se sa yo ye : yon gwoup  
 moun ki jwenn libète yo nan Levanjil la epi se  
 Jezi Kri ki konvoke yo. Selon lakoutim, moun yo  
 te konn sèvi ak mo sinagòg la, lè se te reyinyon  
 Jwif, epi yo te konn sèvi ak mo ekklesia (Legliz la)  
 lè se te kominote kretyen.

Pòl mete yon lis byen long ki gen ladan non  
 fanm kou gason. Chak moun gen yon pawòl  
 espesyal pou li : Pawòl rekonesans, remèsiman  
 ak konpliman. Pòl di moun yo mèsi pou travay  
 yo fè pou kominote yo. Li montre ki kalite zanmi



## WOMEN 16

nou anvan lontan. Se pou favè Granmèt nou Jezi ak nou.

<sup>21</sup> Timote, asosye m, voye di nou bonjou, epi tou Lisiyis, Jazon ak Sosipatròs, fanmi m yo. <sup>22</sup> Mwen menm Tètitiyis, ki ekri lèt la, mwen voye di nou bonjou nan Granmèt la. <sup>23</sup> Gayis di nou bonjou tou, li se mèt kay kote ni mwen, ni tout Legliz la, fè ladesant. Eras, trezorye lavil la ak frè nou Kwatis voye di nou bonjou tou. <sup>24</sup> Se pou favè Granmèt nou Jezi Kri ak nou tout. Amèn.

<sup>25</sup> Pou sila ki gen pouvwa pou li fè nou kenbe fèm dapre Bon Nouvèl mwen an, dapre sa yo preche sou Jezi Kri a, ak dapre mèvèy ki te kache pandan tout tan yo,—<sup>26</sup> sa yo fè parèt aklè kounye a, grasa sa pwofèt yo te ekri yo, dapre lòd Bondye ki la depi toutan an, pou tout pèp etranje yo kapab konnen l, pou mennen yo obeyi nan lafwa a—<sup>27</sup> pou Bondye sila li menm sèl ki gen bon konprann lan, Iwanj pou li, grasa Jezi Kri pou toutan. Amèn.

Ef  
3,20;  
Kol  
1,26

Ap 10,7;  
Wm 1,5;  
2Kor  
10,5;  
Ap 7,12;  
Ef 3,21

---

**Manman Rifis Ia** ki te tankou yon manman pou Pòl tou (16,13);

**Sè Nere a** (16,15).

Epitou, menm si Pòl pa bay non yo chak, nou kapab sonje ak tout lòt fi ki te anndan kominote yo ki reyini nan kay yo.

**16,22:** Lè Pòl bay Tètitiyis ekri lèt sa a, li te Korent lakay Gayis, kote li te fè ladesant, epi kote Legliz la te konn reyini (Wm 16,23; 1 Korent 1,14-15). Pòl te pase twa mwa Korent bò lane 57-58 (T Ap 20,3) nan fen twazyèm vwayaj misyonè li te fè a. Li te fin rammase lajan kète li te oganize Masedwàn ak Akaya pou ede kreyen pov Jerizalèm yo. Kounye a li gen pou ale Jerizalèm pou li pote l ba yo (Wm 15,25-26).

Kèk mwa anvan, antan li te Efèz, Pòl te ekri lèt li yo pou moun Korent, Galasi epi, petèt, pou moun Filip yo tou.

Pòl konprann travay li nan Lazi Minè fini (Wm

15,19-20). Se te yon etap nan lavi l ak anpil fatig nan travay misyonè, epitou li gen tan ekri anpil lèt pou diferan kominote kreyen yo. Kounye a li vle chèche lòt kote pou l fè Bon Nouvèl la rive. Li fè lide al Wòm, epi apre sa nan Lespay (Wm 15,23-24).

**16,17-24:** Sa pa t janm fasil pou viv nan tèt ansanm. Konsa, prèske pa gen youn nan lèt Pòl yo ki pa bay yon pinga kont sila yo k ap simaye divizyon ak sila yo k ap montre moun yo bagay ki fo. Pòl vle pou tout kominote yo gen yon sèl menm Lalwa, ki fè nou tout mete tèt ansanm: kwè Bondye sove nou gratis nan Jezi Kri.

**16,25-27:** Li sanble ak yon lòt priyè ki pi long, priyè ki kòmanse lèt pou moun Efèz yo. Se yon bèl chante litijik kote Pòl fè Iwanj pou Bondye ki montre ak Levanjil li preche a, Pwojè li genyen depi toutan an, epi li mete l aklè kounye a: **Jezi Kri se Granmèt la pou toutan nèta-le.** Amèn.

